**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI HÁM ORTA ARNAWLI BILIM MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATINDAĞI NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

**Tariyx – geografiya fakul`teti**
**«Tariyx oqıtıw metodikası» kafedrası**

**5110600 «Tariyx oqıtıw metodikası» bakalavr tálim baǵdarı**
**4-a kurs studenti Qıtaybekova Gúlimxan Saliy qızı**

# PİTKERİW QÁNİGELİK JUMISI

## Tema: Tariyx táliminde jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıw usılları

Talaba: ___________ **Qıtaybekova Gúlimxan**

İlimiy basshı: ___________ **t.i.k., dots. Kudyarova T.A.**

Kafedra baslıǵı: ___________ **t.i.k. Saribaev A.Q.**

**Kafedra majılisiniń 2019-jıl __-may sanesindegi**
**№___protokolı menen qorǵawǵa ruxsat berildi**

**Nókis-2019**

Pitkeriwshı talaba Qıtaybekova Gúlimxannıń «Tariyx táliminde jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıw usılları» temasındaǵı bakalavr pitkeriw qánigelik jumısı Tariyx oqıtıw metodikası kafedrasınıń 2019 jıl «___» - __________ kúngi ___ - sanlı bayannaması menen Mámleketlik attestaciya komissiyasına qorǵawǵa jiberiwge usınıs etildi.

**«Tariyx oqıtıw metodikası» kafedrası baslıǵı: A.Saribaev**

Pitkeriwshı talaba Qıtaybekova Gúlimxannıń «Tariyx táliminde jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıw usılları» temasındaǵı bakalavr pitkeriw qánigelik jumısı 2019 jıl «___» -_____________ kúngi NMPI rektorınıń N__ -sanlı bayannaması menen Mámleketlik attestaciya komissiyasına qorǵawǵa jiberildi.

**Mámleketlik attestatsiya komissiyasinıń qarari menen Qıtaybekova Gúlimxannıń Bakalavr pitkeriw qánigelik jumısı __________ ballǵa bahalandı.**

**Tema: Tariyx táliminde jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıw usılları**

## MAZMUNÍ

**KIRISIW……………………………...…...……..…………………4- 10**

**I-BAP: Pedagogikalıq texnologiyalardıń payda bolıwı hám onıń gumanitar pánlar diziminde qollanılıwınıń baslanıwı………..…………………. 11**

1.1. Pedagogikalıq texnologiya túsinigi, onıń payda bolıwı hám rawajlanıw basqıshları…………………...………………………………………………… 12-14

1.2. Tariyx pánlerin oqıtıwda innovatsiyalar hám aldını shet el tájriybeleri.......................................................................................................... 15-22

1.3. Házirgi dáwir tariyx sabaqların oqıtıwdıń metodikası hám ózgeshelikleri…………………………………………………………………....23-30

**II-BAP: Interaktiv metodlar: olardıń tariyx táliminde qollanılıwı hám paydalanıw usılları**……………………………………………………… 31-32

2.1. Bilim beriw protsessinde innovatsion texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıwdıń áhmiyeti…………………………………………33-37

2.2. «Keys-stadi» texnologiyası yamasa «Oqıw keysi» haqqında túsinik hám olardan tariyx sabaqlarında paydalanıw jolları…………………...…………..38-44

2.3. Tariyx sabaqlarında «Xronologiyalıq bas qatırma» hám «Taypalaw kestesi» interaktiv metodlarınan qollanıw……………………………..……….45-48

2.4. Tariyx tálim processinde oqıwshılardıń este saqlaw hám pikirlew qábiletlerın rawajlandırıwda «Kontseptual keste» hám «Blits-soraw» metodılarınan paydalanıw……………………………………………………………………….49-54

**JUWMAQLAW**.........................................................................................55-59

**PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR**......................................................60-61

## KIRISIW

«Jaslarımızdı ǵarezsiz pikrleytuǵın jetik intelektual hám joqarı manawiyatlı, dúniya júzlik kólemde óz teńleslerinen kem bolmaǵan insanlar bolıp kamalǵa keliwi, baxtlı bolıwı ushın mámleketimiz hám jámiyetimiz bar kúsh hám imkaniyatlarınan tolıq paydalanamız»

**Shavkat Mirziyoev**

## KIRISIW

**Temanıń aktuallıǵı:** Mámleketimiz ǵárezsizlikke eriskennen keyin barlıq tarawlarda reformalar ámelge asırıldı. Tiykarınan bilimlendiriw mámlekettiń búginin hám jámiyettiń keleshektegi rawajlanıwın táminlewshi kategoriya bolıp esaplanadı. Al maman qániygelerdi tayarlaw wazıypası bolsa tikkeley-joqarı oqıw orınlarınıń bilimlendiriw sisteması menen baylanıslı. Usı talap hám wazıypalardan kelip shıqqan halda 2015-jıldıń 12-iyundegi[1], 2017-jıl 20-apreldegi[2], 2017-jıl 27-iyuldaǵı[3], 2017-jılı 18-iyuldaǵı[4] qararlari, sonday-aq mámleketimiz Prezidentiniń Oliy Májliske Múrájatleri, 2017-jılı 7-fevraldaǵı[5] Pármanı ayırıqsha ahmiyetke iye bolıp esaplanadı. Bul reformalardan tiykarǵı maqset, elimizde salamat hám kámil, bilimli joqarı manawiy- ádep ikramlı paziyletlerge iye bolǵan áwladtı qáliplestiriwden ibarat.

---

[1] "Joqarı oqıw orınlarınıń basshı hám pedagog kadrların qayta tayyarlaw hám bilimin jetilistiriw sistemasın jánede rawajlandırıw ilajları haqqında "ǵı 4732-sanlı qararı.

[2] "Joqarı bilimlendiriw sistemasın jánede rawajlandırıw is ilajları haqqında"ǵı 2909-sanlı qararı,

[3] "Joqarı maǵlıwmatlı qániygelerdi tayyarlawdıń sapasın arttırıwda ikonomika salaları menen tarmaqlarınıń qatnasın bunnan bılay da keńeytiw ilajları haqqında"ǵı qararı

[4] Ózbekstan Respublikası Wázirler Keńesiniń "Ózbekstan Respublikasi Ministrlerler Keńesi janındaǵı tálim sapasın qadaǵalaw mámleket inspeksiyası jumısın shólkemlestiriw haqqında"ǵı 515-sanlı qararı

[5] "2017-2021-jıllarda Ózbekstan Respublikasın rawajlandırıwdıń tiykarǵı bes baǵdarı boyınsha háreketler strategiyası" boyınsha 4947-sanlı Pármanı

Mámlektimiz Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń keyingi eki jıllıqtaǵı, ásirese sońǵı 8-9 ay aralıǵındǵı alıp barıp atırǵan siyasatı, xalqımızdıń siyasiy sanasına sińip baratırǵan turmısdan razılıq sezimi hámmemizdi erteńgi kúnge úmit benen qarawǵa uytermelemkte.

Ózbekstannıń keleshegi, onıń rawajlanıwı, birinshi náwbette jaslar tárbiyasına, olardı salamat etip ósiriwde, milliy ideya, milliy aǵartıwshılıq hám óz watanına sadıqlıq ruwxında tárbiyalawǵa baylanıslı bolıp, bul quramalı procesti tabıslı ámelge asırıw tariyx pániniń eń basli baǵdarlarınıń biri bolıp esaplanadı. Xalıqımizdıń miynetsúyiwshılik, patriotlıq, doslıq siyaqlı dástúrleri, iman, insap, mexir-aqıbet, ar-namıs, watanǵa hámde xalıqqa sadıqlılıq siyaqlı joqarı páziletlerdi tereń úyreniwshı, olardı ásırap-abaylap, jáslar qálbine, qan-qanına sińdiriw, ózin ańlawǵa kómeklesiwi, respublikamız ǵárezsizligi ushın xızmet qılatwǵın áwladtı jetistırıw tariyx pánine hám tariyxtı oqıtıwshılarǵa qoyılǵan tiykarǵı talaplar bolıp tabıladı.

Usı orında ullı oyshıl, aǵartiwshı babamız Abdurauf  Fitrattıń "Turma-júgir, tınba-tırıs, iyilme-kóteril, irkilme-kiris, qorıqpa-intil, otırma-qozǵal" dep aytip ótken  pikirleri de búgungi kún ushın júda áhmiyetli ekenligin kórsetedi[6].

Sebebi Ózbekstan Respublikası «Bilimlendiriw haqqında»ǵı Nızamı hám «Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlaması»n ámelge asırıw barısında gózlengen joqarı sapa kórsetkishlerine erisiw ushın  tálim-tárbiya islerin shólkemlestiriw hám ámelge asırıwdıń nátiyjeli forma hám usılların ámeliyatqa keń engiziw talap etiledi. Bunıń ushın joqarı bilimli, professional qánigeler tayarlaw, olardan nátiyjeli paydalanıw, ilimiy-teoriyalıq, pedagogikalıq hám innovaciyalıq texnologiyalardı islep shıǵıw zárúr boladı. Solay eken, tálim-tárbiyanıń sapası hám nátiyjeliligi talaba-talabanıń oqıw mazmunın ózlestiriwge baǵdarlanǵan óz

6 Abdurauf Fitrat. Tanlangan asarlar. –T.: Ma`naviyat, 2000. 41-bet.

betinshe izleniw menen shuǵıllana alıwı, erkin pikirley alıwı hám oylaw xızmeti menen baylanıslı. Tálim-tárbiya procesi hám pedagogikalıq texnologiyalar didaktika ilimi tárepinen talqılanatuǵın úyreniw hám úyretiw proceslerinen hám kútiletuǵın nátiyjelerlerden ibarat.

İnnovaciyalıq texnologiyalar procesinde oqıtıwshı basshılıǵında talaba óz betinshe bilim aladı, úyrenedi, ózlestiredi. Bul talaplar hám wazıypalardıń orınlanıwı «Tariyx táliminde jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıw usılları» atamasındagı pitkeriw qánigelik jumısınıń aktuallıǵın belgilep beredi. Sebebi tariyx pánlerın oqıtıwda engizilıp atırǵan hár bir tálim texnologiya hám interaktiv metodlar bulardıń hámmesi bilimlendiriw tarawında bolıp atırǵan innovatsiyalıq rawajlanıwdıń tiykarın támiynlewshı elementler bolıp esaplanadı.

**Izertlew temasinıń maqseti hám waziypaları:** Ózbekstan Respublikası Prezidentinıń "Ózbekstan Respublikasın İnnovatsion rawajlandırw minstrligin shólkemlestırıw tuwrısında" ǵı Pármanı, 2017 - 2021 jıllarda mektepke shekemgi tálim dizimin jánede jedellestırıw shara-tádbirleri tuwrısındıǵı Qararı, 2017- 2021 jıllarda joqarı bilimlendiriw sistemasın kompleksli rawajlandırıw baǵdarlamasınıń qabıl etiliwi bilimlendiriw tarawındaǵı islerimizdıń jánede bir basqıshqa kóteriliwine, innovatsiyalardı irkinishsiz endiriwimizge imkaniyat beredi.

Sońǵı jıllarda bilimlendiriw salasındaǵı, ásirese joqarı tálimge bolǵan itibar jańa basqıshqa kóterildi hám mámleketimiz siyasatınıń tiykarǵı orayına shıǵarıldı. Jańadan shólkemlestirilgen institut hám filiallardıń esabınan elimizdegi joqarı bilimlendiriw mákemelerınıń sanı 90 ǵa, aymaqlardaǵı filiallar 15 ke, shet elli universitetlerdıń filialları 7 ge jetti. Joqarı bilimlendiriw mákemelerınde ekonomikanıń real sektorındaǵı talap hám zárúrlikten kelıp shıǵıp sırtqı hám keshki bólimler ashıldı.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl dekabr` ayındaǵı Oliy májlisge bolǵan múrájatında «Búgin biz Mámleketlik hám jámiyetlik turmıstıń barlıq tarawların túp-tiykarınan jańalawǵa qaratılǵan *innovatsiyalıq rawajlanıw jolına ótpektemiz*. Bul biykarǵa emes, álbette. Sebebi zaman tez pát penen rawajlanıp baratırgan házirgi dáwirde kim utadı. Jańa pikir, jańa ideyaǵa, innovatsiyaǵa súyengen Mámleket utadı»[7]- dep atap ótken pikirleri bilimlendiriw tarawındaǵı innovatsiyalıq jańalanıwlar ushın jol ashıp beredi.

Ǵárezsizlik jıllarında sabaq protsessine jańa zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar belsendilik penen engizilıp, onıń nátiyjeleri shıǵarilıp atır. Búgingi kúnde tariyx pánlerın oqıtıwdıń nátiyjeliligin hám sapaliliǵin arttırıw dáwir talabi. Hár bir pán muǵalliminen tálim hám tárbiya protsessinıń optimal yaǵniy qolayli variantların islep shıǵiw, zamanagóy oqıtıw usıllarınan keń túrde paydalaniwdi talap etilmekte. Sonıń ushın da tariyx pánlerın oqıtıwdıń házirgi zaman texnologiyasi hám metodikasin jetilistırıw hám tariyx sabaqların sapali túrde shólkemlestırıwdıń áhmiyeti kútá artip barmaqta.

Solay eken bul pitkeriw qánigelik jumısında tariyxıy pánlerdi oqıtıwda jańa zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardıń metodları hám usıllarınan paydalanıp, sabaq protsessine innovatsiyalardı engiziw hám paydalaniwǵa baylanıslı waziypalar belgilep alinip onı ámeliyatta qollaniw máselelerıne itibar qaratildi.

Úyrenilıp atirǵan temanıń tiykarǵı ***maqseti*** hám ***waziypaları tómendegilerden ibarat:***

Tariyx páni muǵállimi ilim hám texnikanıń ósip barıwın barqulla esapqa alıp, ózinıń pedagogikalıq hám metodikalıq sheberligin ósirip bariwi, zamanagóy talaplarǵa muwapiq is alıp barıwı kerek sebebi, ilimiy-texnikalıq progress, ǵalaba xabarlandırıw, informatsiya quralları házirgi waqıtta tezlik penen ósip atır hám

---

[7] Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń Oliy majliske múrájatı. Erkin Qaraqalpaqstan 2018-j 27-dekabr` N154-155 (20085) B 1-4.

jaslarımizdıń aqılıy hám fizikalıq ósiwshıligine kúshli tásir etip atır. Jaslarımız dúńya jańalıqların Internet arqalı alıp, kóp narselerden xabardar bolmaqta. Bunıń ózi tariyx oqıtıwshısınıń pándi oqıtıw barısında aldına kóplegen talaplar, wazıypalar hám maqsetler qoyilıp bular mámleketimizde bazar ekonomikasına ótiwge baylanıslı hám demokratiyalıq puxaralıq, jámiyet qurıw ushın bağdar alar ekenbiz, jaslarımızdıń tariyxqa qızığıwshılığın hár tárepleme arttırıw, sabaqtı túsindiriwde ápıwayılıq hám konkretlik, jańa pedtexnologiya hám xabarlandırıw informatsiyalıq texnologiyalarınan ónimli paydalanıw, tariyx sabaqlarınıń sapasın hám mazmunın bayıtıp hám jetilistırıwdıń eń jańa usılların qollanıw, oqıtıwshınıń eń áhmiyetli wazıypası oqıwshınıń dóretiwshıligi, erkin pikirlew, bilimlilikke umtılıw, uqıplılığın, belsendiligin, ilimiy. jandasıwın qálıplestırıwge qaratıladı.

- **Izertlewdıń teoriyalıq- metodologiyalıq tiykarları**: Tariyx ilimindegi ilimiylik, xalislıq, tariyxıylıq, xronologiyalik, izshıllik, tariyx haqiyqatinıń ústinligi hám milliy ǵárezsizlik ideyasi prıntsipleri bakalavr pitkeriw qánigelik jumısınıń metodologiyalıq tiykari bolıp xizmet etedi.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń izertleniw dárejesi**: Qániygelik jumısın jazıwda Ózbekstan Respublikası Prezidentinıń tariyx iliminıń hám tariyxshılardıń aldına qoyǵan wazıypaları basshılıqqa alındı[8]. Sonday-aq bul pitkeriw qánigelik jumısınıń jazılıwında jańa pedagogikalıq texnologiya metodları, olardı úyreniw, úyretiw boyınsha shıǵarılǵan bir qansha ilimiy kitaplardan da paydalanıldı, olardan toqtalıp ótetuǵın bólsaq alımlarımızdan, tariyxshı metodistler: A.Sádiev, SH.Sultonov[9], T.Toshpulatov, Ya.Gaffarov[10], G.S.Fuzailova[11], O.R.Rahmatullaeva,

---

[8] 2017-2021 yillarda O'zbekiston Respublikasini rivojlantirishning beshta ustuvor yo'nalishi bo'yicha Harakatlar strategiyasi. O'zbekiston Respublikasi Prezidentining 2017 yil 7 fevraldagi PF-4947 sonli Farmoni

[9] Sultonov Sh.D. Muammoli ma`ruzalar o`tkazish va muammoli ma`ruzani tayorlash (Uslubiy ko'rsatma). Fargona, 2003.

[10] Gaffarov Ya. «Tarix o'qitish metodikasi». Toshkent, 2012.

[11] Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pánin kásiplik tarawlarǵa jóneltirip oqıtıw meyodikası. Qollanba. T. TMPU, 2012. 140b.

V.Bespal`ko va Yu.Tatur[12], N.Zayniddinova, p.f.d. Q.T.Olimov [13] ha'm basqalardin' ta'lim qurallari boyinsha jazilg'an ilimiy miynetler analiz etildi. Sonday-aq, tariyxshı alimlarimizdan J.G Yóldoshev[14] hám A.A.Vaginler avtorlıǵındaǵı hám QMU docenti G.Karamanovanıń «Tariyxtı oqıtıw metodikası»[15] atamasındaǵı Oqıw qollanbası hámde pedagogika iliminıń jan kúyer ilimpazları [Q.Kosnazarov], A.Pazılov hám A.Tlegenovlar avtorlıǵındaǵı «Pedagogika»[16] miynetinen orınlı paydalanılıp otildi.

**Izertlew ob`ekti hám predmeti:** Tariyx páni ham onıń zamanagóy usıllarda oqıtılıwı. Jańa pedagogikalıq texnologiyalar ham olardıń usıl ham qollanılıw jolları. Joqarı oqıw orınlarında gumanitar pánlerdi oqıtıw protsesslerınıń pedagogikalıq texnologiyalar túrlerınen paydalanılıp ótiliwi. Tariyxıy pánlerdi oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıw metodları, Interaktiv usıllar menen tariyx pánlerın ótıwdı jobalastırıw hám de tariyx pánlerın oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalaniwdıń áhmiyeti hám onıń nátiyjeliligin úyreniw izertlew temasınıń úyreniliw ob`ekti hám predmeti boladı.

**Jumıstıń teoriyalıq hám praktikalıq áhmiyeti**: Bul bakalavr jumısınıń teoriyalıq áhmiyeti sonnan ibarat, tariyx pánlerınen sabaqlar ótkende, ásirese jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıp sabaq ótiwde, ashıq sabaqlar ushın islenbeler islegende bul jumısta berilgen maǵlıwmatlardan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı.

Ámeliy áhmiyeti – Usı jumısta berilgen, paydalanılǵan tariyxıy maǵlumatlar, tariyx sabaqların ótiwdegi metod hám usıllardan "Tariyx oqıtıw metodikasi", "Tariyx oqıtıwda texnologiyalar hám proektlestırıw", Ózbekstan hám

---

[12] Bespal`ko V., Tatur Yu. Sistemno-metodicheskoe obespechenie uchebno-vospitatel`nogo protsessa podgotovki spetsialistov. M. 1989. S-144.
[13] Olimov Q.T. Didaktik vositalar. O'quv qo'llanma. Buxora. 2008
[14] Yo`ldoshev J.G`. Ta`lim yangilanish yo`lida. —T.: O`qituvchi. 2000.
[15] Karamanova G.K. Tariyxtı oqıtıw metodikası. Oqıw-metodikalıq qollanba. N., «Qaraqalpaqstan» 2016.
[16] [Qosnazarov Q.], Pazılov A., Tilegenov A. Pedagogika. N., «Bilim» 2009.

Qaraqalpaqstan tariyxı pánlerın oqıtıwda, metodologiyalıq qollanbalar islep shıǵıwda ámeliy áhmiyetke iye. Sonıń menen birge ashıq sabaqlar ótiwshı jas oqıtıwshılar, magistr ham baqalavr tálim baǵdarı talabaları ushın metodikalıq járdem bola aladı.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń strukturası**: PQJ Kirisiw, hár biri bir neshe paragraflardan ibarat 2-bap, juwmaqlaw, qosımshalar hám paydalanılǵan ádebiyatlar diziminen ibarat.

Kirisiw bóliminde jumstıń aktuallıǵi, zamanagóyligi, izertleniw jaǵdayı, tariyxıy derekler negizi, metodologiyalıq hám teoriyalıq tiykari, maqseti hám waziypaları, ilimiy hám praktikalıq áhmiyeti haqqında sóz etiledi. Pitkeriw qánigelik jumısınıń tiykarǵi baplarında Tariyx pánlerın oqıtıwdıń maqseti, waziypaları hám nátiyjeliligi, házirgi dáwir tariyx sabaqların oqıtıwdıń metodikası hám ózgeshelikleri, jańa pedagogikalıq texnologiya metodlarınıń payda bolıwı hám olardan paydalanıw jolları, joqarı oqıw orınlarında gumanitar pánlerdi oqıtıw protsesslerınıń pedagogikalıq texnologiyalar túrlerınen paydalanılıp ótiliwi siyaqlı máseleler analizlendi.

Sonday-aq tariyxıy pánlerdi oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıw metodları, Interaktiv usıllar menen tariyx pánlerın ótiwdi jobalastırıw hám de tariyx pánlerın oqıtıwda jańa pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıwdıń áhmiyeti, nátiyjeliligi hámde olardıń xızmetleri hár tárepleme úyrenildi. Juwmaqlaw bóliminde izertlenip atirǵan mashqalanıń nátiyjeleri boyınsha ilimiy juwmaqlar shıǵarıldı hám jumıstıń sońında paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi berildi. Pitkeriw qánigelik jumısınıń kólemi 61 betten ibarat.

## I-BAP: Pedagogikalıq texnologiyalardıń payda bolıwı hám onıń gumanitar pánler diziminde qollanılıwınıń baslanıwı

Ózbekistan Respublikası birınshı Prezidenti İ.A.Karimovtıń 2012-jıl 28-maydaǵı «Qániygeli pedagog kadrlar tayarlaw hám de orta arnawlı, kásip-óner tálimi mekemelerin sonday kadrlar menen támiyinlew dúzimin jáne de bekkemlewge qaratılǵan is-ilajlar tuwrısında»ǵı qararında «…búgingi kúnde orta arnawlı, kásip-óner tálimi diziminde oqıw protsesin tiyisli dárejede shólkemlestiriw, oqıwdı zamanagóy tálim texnologiyalarına tayanǵan halda ótkiziw, zamanagóy axborot-kommunikatsiya texnologiyaları menen támiyinleniwi zárúrligi»n aytıp ótken edi. Usı dáwir talabı hám wazıypalardan kelip shıǵıp, tariyx pánlerin ónimli hám nátiyjeli oqıtıwda tariyxshı muǵallimler aldına da bir qansha talaplar qoyıldı. Pedagogikalıq texnologiyalardı gumanitar pánler diziminde qollanıwdıń maqseti tariyx oqıtıwshılarınıń kásiplik tayarlıǵın rawajlandırıw, pedagogikalıq oy-pikirin keńeytiw hám pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw ushın zárúr bolǵan metodikalıq bilim, kónlikpelerin qáliplestiriw bolıp tabıladı. Bunda tómendegiler ámelge asırıladı:

- Didaktika teoriyası menen tálim ámeliyatı baylanısın támiyinlew;
- Talabalardı tálim-tárbiya protsessinde pedagogikalıq texnologiyalardı paydalanıwǵa úyretiw arqalı olardı zamanagóy tálim texnologiyaların islep shıǵıw hám prezentatsiya sabaqların joqarı dárejede ótkere alıwdı úyreniw;
- Talabalardıń pedagogikalıq iskerlikke óz tayarlıǵın analizlewge úyretiw, analiz-kritikalıq, dóretiwshilik hám erkin pikir júritiw kónlikpelerin rawajlandırıw;
- Tariyx páni oqıtıwshısınıń innovatsion iskerligin proektlestiriw kónlikpelerin payda etiw;
- Tariyx pánin oqıtıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologoyalardan paydalanıw hám nátiyjege erisiw.

«Tálim tuwrısında»ǵı Nızam hám Kadrlar tayarlaw milliy dástúrinde belgilengen wazıypalardı ámelge asırıwda pedagogukalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlar tiykarǵı didaktikalıq qural wazıypasın atqaradı.

## 1.1. Pedagogikalıq texnologiya túsinigi, onıń payda bolıwı hám rawajlanıw basqıshları.

Islam Karimovtıń «Bizge pitkeriwshıler emes, mektep tálimi hám tárbiyasın kórgen shaxslar kerek»[17] - degen yamasa «Joqarı mánawiyat – jeńilmes kúsh» miynetinde: «Bilimlendiriwdi tárbiyadan, tárbiyanı bolsa bilimlendiriwden ajıratıwǵa bolmaydı» yamasa «... xalqımızdıń erteńgi kúni qanday bolıwı perzentlerimizdıń búgin qanday tálim hám tárbiya alıwına baylanıslı» - degen pikirleri búgingi kún tálim-tarbiyasınıń mazmunın ashıp beredi. Sebebi wazıypalar jańa jámiyette jasaytuǵın óziniń milliy ideologiyasına iye bolǵan, ótmishınen maqtana alatuǵın, onnan ruwxıy quwat alatuǵın kámil insandı tárbiyalawǵa qaratıldı. Tálim-tárbiya adamzattıń eń quramalı xızmet túrlerınen esaplanadı. Sonıń ushın oqıtıw protsesinde túrli-túrli quramalı oqıtıw metodlarınan paydalanıwǵa tuwra keledi.

Kadrlar tayarlaw milliy baǵdarlamasın ámelge asırıwdaǵı tiykarǵı prınciplerdıń biri - bul bilimlendırıw sistemasınıń dúzilisi hám mazmunı jaǵinan reformalaw ushın oqıtıwshı hám múǵallimlerdı qayta tayarlaw, joqarı tájiriybeli, básekige shıdamlı qánigelerdı tayarlaw boyınsha bilimlendırıw mákemelerınıń iskerligin uyǵınlastırıw, jetekshı pedagogikalıq texnologiyalardı, pedagogikalıq innovaciyalardı tálim processine kiritiw edı. Biraq, jetekshı pedagogikalıq texnologiyalar hám innovaciyalar óz-ózinen tálim sistemasına kirip kelmeydı. Bul oqıtıwshı iskerligi hám onıń motivaciyasına baylanıslı process. Oqıtıwshı iskerligin ózgertpey turıp, onıń juwapkershıligi hám belsendıligin asırmay turıp bilimlendırıwde bir adım da aldınǵa jıljip bolmaydı. Bilimlendırıw processindegi innovacion ózgerisler, bilimlendırıw sistemasına hár qanday jańalıqlardıń kiritiliwi tuwrıdan-tuwrı oqıtıwshı iskerligin jańalaw hám ózgertiw arqalı ámelge asırılıwı da úyrenip shıǵılǵan. Bilimlendırıw sistemasındaǵı innovaciyalar, olardı ámeliyatqa kiritiw, innovacion processlerdı basqarıwdı talqılaw arqalı innovacion iskerlik túsinigin táriyplew imkaniyatı payda boldı. Innovacion iskerlik

[17] Barkamol avlod O'zbekiston taraqqiyotining poydevori. – Toshkent: Sharq, 1997. B. 9.

pedagogikalıq jámáátti háreketke keltırıwshı, alǵa baslawshı, rawajlandırıwshı kúsh. Oqıtıwshı innovaciya iskerligine tayar bolıp, sabaqqa eń sońǵi jańalıqlardı alıp kirip, oqıwshıǵa qızıqlı hám onıń mútájligine mas ráwishte shólkemlestirse, sonda ǵana sapa hám nátiyjelilikti támiyinlewi múmkin**.**

*Texnologiyaǵa táriypler:* 1) Ensiklopedıyalıq sózlikte texnologiya sózine tómendegishe táriyp beriledı: texnologiya- bul qandayda bir material, yarımfabrikat, yáki shıyki zattı qayta islew, tayarlaw, onıń halatın ózgertiw, qásiyetlerın basqasha etiwge baǵdarlanǵan metodlar kompleksi. Pedagogikalıq texnologiyanıń mazmunı bolsa oqıtıwshı, tárbiyashı tárepinen oqıwshı (tálim alıwshı)ǵa aqlıy, ruwhıy, tárbiyalıq tárepten túrli usılda tásir ótkiziwden ibarat. Pedagogikalıq texnologiya túsinigi XX ásirde payda boldı hám túrli rawajlanıw basqıshlarınan ótip kelmekte.

Dáslep bul túsinik 1940-jıllardan 50-jıllar ortasına shekem «tálim texnologiyası» dep qollanılıp, oqıw processinde audıo-vizual texnika quralların paydalanıwdı sáwlelendırgen. Pedagogikalıq texnologiya túsinigi dáslep XX ásirdıń ortalarında AQShta qollanıla baslaǵan. Bunda «pedagogikalıq texnologiya» hám «tálim texnologiyasi» atamaları tek texnika quralları járdeminde oqıtıwǵa qarata qollanılǵan edı. Ótken ásirdıń 50-jılları ortasınan 60-jıllarǵa shekem “tálim texnologiyası" ataması qollanılıp, bunda dásturlestirilgen tálim názerde tutılǵan. 70-jıllarda pedagogikalıq texnologiya ataması qollanılıp, ol aldınnan joybarlastırılǵan hám aniq belgilengen maqsetlerge erisiwdı kepillewshı oqıw processin súwretlegen.

1979-jılda AQShtiń Pedagogikalıq kommunikatsiyalar hám texnologiyalar assotsiatsiyasi tárepinen pedagogikalıq texnologiyaǵa tómendegishe táriyp berilgen edı: “Pedagogikalıq texnologiya bilimlerın ózlestırıwdıń hámme tárepların qamtip alıwshı mashqalalardı talqilaw hám rejelestırıw, mashqalanıń sheshımin bahalaw hám onıbasqariwshılar, ideyalar, qurallar hám iskerlikti shólkemlestırıw usılların óz quramina alatuǵin kompleks integrativ processten ibarat...”.

80-jıllardıń basınan pedagogikalıq texnologiya dep tálimnıń kompyuterli hám axborot texnologiyaların jaratiwǵa aytilǵan.

Házir tálim-tarbiya tarawinda rawajlanip baratirǵan jónalislerden biri — zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı oqıw processinde qollaw bolip, onıámelge asiriw áhmiyetli waziypalardan. Bizge málim, tálim-tárbiya processi úlken áwlad tárepinen óz bilim hám tájiriybelerın ósip kiyatirǵan áwladqa úyretiwden ibarat bolip, bul processte, tiykarınan, insan ómiri ushın zárúr axborotlardı áwladtan-áwladqa uzatiw ámelge asiriladı. Insaniyat ómiri axborotlar menen tiǵiz baylanisli. Basqasha aytqanda, insannıń hár bir háreketi axborot alıw hám uzatiw yáki onnan paydalaniw, onıúyreniw, ózlestırıw, saqlaw hám bayitiwdan ibarat. Sonıń ushın da házirgi insaniyat civilizatsiyasin *axborot civilizasiyası* dep ataladı[18].

Zamanagóy «texnologiya» túsinigi ulıwmalıq túsinik bolıp, ol óz mazmunında úsh tiykarǵı aspektti qamtıp aladı: 1-ilimiy aspekti – texnologiya - málim bir mashqalanıń ilimiy tiykarlanǵan sheshımi esaplanadı. Bunday sheshım jetik tájiriybe hám psixo-pedagogikalıq teoriya nátiyjelerıne tiykarlanadı. 2-Forma hám bayan aspekti – texnologiya – bul rejelestirilgen procesindegi isletiletuǵın maqsetler, metodlar, qurallar, procesler kompleksi esaplanadı. Bunday procesler málim forma hám bayan arqalı ózin sáwlelendıredı. 3-Process hám iskerlik aspekti – texnologiya – iskerlikti júzege shıǵarıw procesi esaplanadı. Bunday iskerlik joqarıda atap ótilgen maqsetler, metodlar, qurallar, proceslerden ibarat boladı. Olardıń izbe-izligi, ózara muwapıqlasıwı hám ámel qılıw nızamlıqları texnologiyalıq iskerlik processi hám iskerligin keltirip shıǵaradı. Solay etip, texnologiya - qandaydabir islep shıǵariw hám yáki sociallıq mashqalani sheshımge keltırıw, onı ámelge asırıw boyınsha qılınatuǵın qádemler iskerlik izbe-izligi, ilimiy tiykarlanǵan sheshıliwi, shólkemlestırıwshı proces.

---

[18] Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pánin kásiplik tarawlarǵa jóneltirip oqitiw meyodıkasi. Qollanba. T. TMPU, 2012.

## 1.2. Tariyx pánlerin oqıtıwda innovatsiyalar hám aldını shet el tájriybeleri.

Házirgi waqıtta bilimlendiriw hám tárbiya teoriyası hám praktikasına qatnas globalizatsiya, integratsiya, kompyuterlestiriw, internet tarmaǵın qollanıw hám kirgiziw, mediaqurallar, distantsion, jekkelikke baǵdarlanǵan oqıtıwdıń tásirinde birqansha ózgerislerge ushramaqta. Bulardıń barlıǵı innovatsiyalıq bilimlendiriw texnologiyasın qollanıwǵa alıp kelmekte. Bilimlendiriwde innovatsiyalar degenimizde pedagogikalıq texnologiyalardı, oqıtıwdıń metodları, usılları hám quralları jetilsitiriw túsiniledi. Házirgi waqıtta innovatsiyalıq pedagogikalıq iskerlik qálegen oqıw ornınıń belgili bir komponenti bolıp tabıladı.

Ózbekstan Milliy inciklopediyasinda kórsetiliwinshe innovaciya tómendegishe mazmun hám túsiniklerge iye: « Innovaciya (inglis: innovationas- kirgizilgen jańalıq) – 1) texnika hám texnologiya áwladlarin almastıtıwdı támiynleytuǵın ikonomikaǵa sarıplanǵan qárejetler; 2) ilimiy-texnikalıq jetiskenlikler hám aldıńǵı tájriybelerge tiykarlanǵan texnika, texnologiya, basqarıw hám miynetti bólistiriw siyaqlı tarawlardaǵı jańalıqlar, sonday-aq olardiń túrli taraw hám zizimetlerde qollanılıwı»[19].

«İnnovatsiya» (jańalıq kirgiziw) terminin «dástúriy» terminine antonim sıpatında aytıwmız múmkin, biziń kontekstimizde oqıtıwdıń eń jiyi ushrasatuǵın usılları, metodlarınıń jıynaǵınan tısqarı shıǵıwdı ańlatadı. M.V.Klarinniń aytıwınsha, reproduktiv oqıtıwǵa baǵdarlanǵan oqıtıwdaǵı dástúriy usıllar, metodlar, qurallar.

İnnovatsiyalıq tálim- tálim alıwshıda jańa ideya, ólshem, kaǵıydalardı jaratıw, ózge shaxslar tárepinen jaratılǵan aldıńǵı ideyalardı, ólshem, qaǵıydalardı tábiiy qabıl qılıwǵa tiyisli sıpatlar, kónlikpelerndi qáliplestiriwge imkaniyat jaratatuǵın

[19] «Ózbekstan Milliy inciklopediyasi» Davlat ilimiy nashriyoti, 2002, 169-b

tálim. İnnovatsiyalıq tálim protsesinde qollanılatuǵın texnologiyalar tálim texnologiyaları yamasa tálim innovatsiyaları dep ataladı[20].

Búgingi kúnde pedagogika tarawında jańa ilimiy jónelis- pedagogikalıq innovaciya hám tálim processin jańalaw ideyalarınıń payda bolıwı nátiyjesinde oqıtıwshınıń pedagogikalıq iskerliginde de jańa jónelis "oqıtıwshınıń innovacion iskerligi" túsinigi payda boldı[21].

Oqıtıwshı innovacion iskerliginıń ulıwmalıq hám óz aldına tárepleriń K.Angelovskiy, G.I.Gorskaya, V.A.Kan-Kalik, S.I.Kozmina, V.A.Slastenin, L.M.Fridman siyaqlı alımlar ózlerınıń ilimiy izertlewlerınde jarıtıp bergen. Mámleketimizde pedagogikalıq innovaciyani rawajlandırıw mashqalaları ústinde pedagog alımlardan N.Azizxojaeva, B.Farberman, M.Ochilov, U.Nishonaliyev, N.Saidaxmedovlar ilimiy izleniwler alıp barmaqta. I.Shumpater hám N.Kondratevlar "Innovaciya" túsiniginıń dáslepki hám iri teoriyashıları esaplansa, K.Angelovskiy, V.A.Slastenin hám V.I.Slobadchikovlar óz ilimiy izleniwlerınde innovacion iskerlik pedagogikalıq iskerliktiń óz aldına forması ekenligin dáliyllewge háreket etken hám bul boyınsha belgili bir jetiskenliklerge erisken alımlar- dep esaplanadı.

Tálim innovatsiyaları - tálim tarawı yamasa oqıw protsesinede bar bolǵan mashqalanı jańasha jandasıw tiykarında sheshiw maqsetinde qollanılıp, aldıńǵısınan bir qansha paydalı bolǵan nátiyjege kepillik beriwsha usıl, metod hám texnologiyalar. Tálim innovatsiyaları «innovatsiyalıq tálim» dep de ataladı.

«İnnovatsiyalıq tálim» túsinigi eń birinshi mártebe 1979-jılı Rim klubında qollanılǵan. Tálim innovatsiyaları bir neshe túrge ajıratıladı.

İskerlik baǵdarına qaray:

| Pedagogikalıq protsesde qollanılatuǵın innovatsiyalar | Tálim dizimin basqarıwda qollanılatuǵın innovatsiyalar |
|---|---|

[20] М. В. Кларин. Инновации в мировой педагогике: обучение на основе исследования /– Рига: Эксперимент, 1995. - 176 с.

[21] Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pánin kásiplik tarawlarǵa jóneltirip oqitiw meyodıkasi. Qollanba. T. TMPU, 2012

Kirgizilgen ózgerislerdiń xarakterine qaray:

| | | |
|---|---|---|
| Radikal innovatsiyalar | Komvinatsiyalanǵan innovatsiyalar | Modifikatsiyalanǵan innovatsiyalar |

O`zgerisleriniń kólemine qaray:

| | | |
|---|---|---|
| Tarmaq (lokal`) innovatsiyalar | Modul innovatsiyaları | Sistema innovatsiyaları |

Kelip shıǵıw deregine qaray:

| | |
|---|---|
| Adamlar tárepinen jaratılǵan innovatsiyalar | O`zlestirilgen innovatsiyalar |

*İnnovatsiyalar túrli kóriniske iye bolıp, tómendegiler innovatsiyalardıń tiykarǵa kórinisleri esaplanadı:*

- Jańa ideyalar;
- Sistema yamasa iskerlik baǵdarın ózgerttiriwge qaratılǵan anıq maqsetler;
- dástúriy emes jandasıw;
- dóretiwshilik qatnas, kretiv oylawlar;
- aldıńǵı tájriybeler.

İnnovatsiyalardıń hár qanday jańalıqlardan ózgesheligi sonda, ol basqarıw hám qadaǵalawǵa imkaniyat beretuǵın ózgeriwshi mexanizmge iye ekenliginde.

İ.P.Podslasıydıń pikirine kóre, *tálim innovatsiyaları tómendegi ózgerislerge alıp keledi:*

- ❖ Pedagogikalıq sistemanıń tolıǵı menen ózgeriwine;
- ❖ Oqıw protsesiniń ózgeriwine;
- ❖ Pedagogikalıq teoriyanıń ózgeriwine;
- ❖ Oqıtıwshı iskerliginiń ózgeriwine;
- ❖ Student (oqıwshı) iskerliginiń jańalanıwına;
- ❖ Pedagogikalıq texnologiyanıń ózgeriwine;

- tálimniń mazmunınıń ózgeriwine;
- oqıtıwdıń túri, metod hám qurallarınıń ózgeriwine;
- tálim sistemasın basqarıwdıń ózgeriwine;
- tálimniń maqseti hám nátiyjeleriniń ózgeriwine.

Innovaciyalıq texnologiyalardı tabıslı ámelge asırıw bir qatar shárt-sharayatlarǵa baylanıslı, yaǵnıy oqıtıwshınıń qarım-qatnası, qarsı pikirlerge bolǵan biyǵárez múnásibeti, túrli jaǵdaylarda racional jaǵdaylardıń tán alınıwın uqtırıwǵa tayarlıǵı kiredi. Bunıń nátiyjesinde oqıtıwshı óz bilim hám ilimiy iskerligin támiynleytuǵın motivke iye boladı. Innovaciyalıq texnologiyalardı paydalanıwda oqıtıwshı ushın ózin-ózi aktivlestiriw, óz dóretiwshiligi, óz-ózin biliwi hám jaratıwshılıq sıyaqlı motivler úlken áhmiyetke iye. Bul oqıtıwshı shaxsınıń kreativligin qáliplestiriw imkaniyatın beredi. Oqıtıwshınıń dóretiwshilik individuallıǵın qáliplestiriw shaxs rawajlanıwı hám jańalanıwınıń dinamikalıq innovaciyalıq processi sıpatında túsiniledi. Tálimde innovaciyalıq texnologiyalardı paydalanıw talabanıń kreativligin kúsheytiw imkanın beredi.

*Kreativlik* - jańa túsiniklerdi jaratıw hám jańa kónlikpeler payda etiw qábiletin, qásiyetlerin bildiredi.

Innovaciyalıq xızmette oqıtıwshı jańa pedagogikalıq texnologiyalar, teoriyalar, koncepciyalardıń avtorı, óndırıwshisi, izertlewshisi, paydalanıwshısı hám en jaydırıwshısı sıpatında kórinedi. Innovaciyalıq xızmet izetlewleri oqıtıwshınıń innovaciyalıq xızmetke tayarlıǵı ólshemlerin belgileydi:

- innovaciyalıq xızmetke bolǵan zárúrlikti ańlaw;
- dóretiwshilik xızmetke tayar bolıw;
- shaxsıy maqsetlerdi innovaciyalıq xızmet penen sáykeslendırıw;
- dóretiwshiliktegi sátsizliklerdi jeńiwge tayar bolıw;
- innovaciyalıq xızmetti orınlaw ushın texnologiyalıq tayarlıq dárejesi.
- innovaciyalıq xızmettıń kásiplik erkinlikke tásiri;
- kásiplik refleksiyaǵa bolǵan qábilet.

Oqıtıwshınıń innovaciyalıq xızmeti óz ishine jańalıqtı analiz qılıw hám oǵan baha beriw, keleshektegi háreketlerdıń maqseti hám koncepciyasın qáliplestiriw, usı rejeni ámelge asırıw, nátiyjelerine baha beriw sıyaqlılardı óz ishine aladı.

Bilimlendiriwde informatsiyalıq texnologiyalar jańa didaktikalıq máselelerdi sheshiwge járdem beredi, olardı qollanıw oqıtıwdıń sıpatın kóteriwge hám effektivligin asırıwǵa járdem beredi.

**Aralıqtan oqıtıw:** Házirgi xabar texnologiyalar tez pát penen rawajlanıp baratırǵan dáwirde aralıqtan oqıtıw úlken áhmiyetke iye bolmaqta. Sebebi tálimniń bul túri usı waqıtqa shekem bar bolǵan tálim túrlerinen óziniń ayırım jaqsı tárepleri menen ajralıp turadı. Aralıqtan oqıtıwdıń kúndizgi hám basqa tálim túrlerinen parqı sonda bul tálim túrine júdá keń xalıq massasın tartıw múmkin. Aralıqtan oqıtıwda ózinde kúndizgi hám sırtqı tálim túrleriniń jaqsı qásiyetlerin birlestiredi.

Usı tárepleri boyınsha Aralıqtan oqıtıw házirgi kúndegi keleshegi bar tálim túrlerinen esaplanadı. Aralıqtan oqıtıw tiykarında tálim beriw ushın oqıwdı qálewshilerdiń belgili bólegin oqıw ornı jaylasqan jerge jıynaw shárt emes. Ekinshiden tıńlawshı yaki oqıwshı tárepinen artıqsha pul sarplaw zárúrligi bolmaydı. úshinshiden bul tálim túrine qabıl etiwshilerdiń jas sheklewleri bolmaydı.

*Aralıqtan oqıtıwdıń plyus tárepleriine tómendegilerdi kirgiziw múmkin:*

İndividual tempte oqıw – úyreniw tezligi oqıwshınıń ózi tárepinen onıń jeke jaǵdayları hám talaplarınan kelip shıǵıp qoyıladı.

Erkinlik hám iyiliwsheńlik – oqıwshı kóplegen kurslardan qálegenin tańlawı múmkin, sonday-aq oqıwdıń waqıtın, ornın hám dawamlılıǵın ózi planlastırıwı múmkin.

Qolaylılıq – oqıwshı hám bilimlendiriw mekemesiniń geografiyalıq hám waqıtlıq jaylasıwınan ǵárezsizlik, bilimlendiriw talapların shegaralamawǵa járdem beredi.

Mobillik – Oqıtıwshı hám oqıwshı arasındaǵı baylanıslardı effektiv realizatsiyalaw oqıtıw protsessiniń tiykarǵı talapları hám tiykarǵı nátiyjeliligi.

Texnologiyalılıq – bilimlendiriw protsessinde jańa informatsion hám telekommunikatsion texnologiyalardı qollanıw.

Dóretiwshilik – oqıwshınıń dóretiwshilik ózinsheligin bildriwge qolaylı jaǵdaylar.

*Biraq minus tárepleri de bar:* Oqıtıwshı menen oqıwshınıń júzbe-júz qarım-qatnası joq. Yaǵnıy, individual qatnas hám tárbiya menen baylanıslı momentler alıp taslanadı. Eger adam bilimlerdi emotsional túrde bayıtpasa, bul anaǵurlım dárejede minus.

Bir qatar individul-psixologiyalıq jaǵdaylardıń kerekligi. Aralıqtan oqıtıw ushın qatań ózin-ózi tártipke salıw kerek boladı, al onıń nátiyjesi tuwrıdan-tuwrı oqıwshınıń ǵárezsizliginen hám sanalılıǵına baylanıslı boladı.

Bárqulla informatsiya dereklerine iye bolıwınıń kerekligi. Texnikalıq jaqtan jaqsı támiynlengenlik kerek, biraq barlıq oqıwdı qálewshiler kompyuterge hám internerke kiriw imkániyatına iye emes.

*Shet el bilimlendiriw texnologiyaları:* «Keys» texnologiyası. Case study (keys stadi) eń birinshi ret Garvard universitetiniń huquq mektebinde 1870 jılda qollanılǵan edi. 1920 jilda Garvard biznes-mektebi oqıtıwshıları yuristlerdiń oqıtıw tájriybesine súyenip, ekonomikalıq ámeliyattaǵı anıq jaǵdaylardı analizlew hám dodalawdı tálimniń tiykarǵı usılı etip tańlaǵanınan soń, bul oqıtıw metodı keń tarqala basladı.

Keys-stadi (inglizshe sase - toplam anıq jaǵday stady –tálim) keyste berilgen hám tálim alıwshılardı mashqalanı súwretlew hámde onıń maqsetke muwapıq túrdegi sheshimi variantların izlewge baǵdarlanǵan anıq real yamasa jasalma túrde jaratılǵan jaǵdaydıń mashqalalı-jaǵdaylı analiz etiliwine tiykarlanatuǵın tálim metodı.

Oqıw metodı retinde tómendegilerdi támiynleydi:

-úyrenilgen oqıw teması kursı boyınsha (teoriyalıq) bilimnen soń bilimlerdi bekkemlewdi;

-mashqalalardı analiz etiw hám qararlardı jeke tártipte yamasa topar menen qabıl etiw kónlikpelerin iyelewdi;

-dóretiwshilik hám úyreniw qábiletler logikalıq pikirlew hám ortalıq shárayatlarına maslasıw qábiletlerin rawajlandırıwdı;

-jańalıqqa, qararlardı óz betinshe qabıl qılıwǵa tayarlıǵın;

-juwapkershilik, ǵárezsizlik qommunikativlik hám empatiya refleksiyanıń qáliplesiwin;

*Joybar metodı:* Joybar metodı AQSh mekteplerinde XIX ásirdiń ekinshi yarımında payda boldı. Pragmatikalıq pedagogikanıń teoriyalıq kontseptsiyalarına tiykarlanadı; amerikalı pedagoglar Dj. hám E.D`yui, U.X.Kilpatrik hám E.Kollinz miynetlerinde keń túrde sáwleleniwin taptı. AQShta XX - ásirdiń 60—70-jılları ulıwma bilim beriw mektepleri oqıwshılarınıń teoriyalıq bilimleriniń tómenlewi hám oqıtıw sistemalılıǵınıń buzılıwına baylanıslı joybar metodın kritikalaw keń en jaydı. Biraq, joybar metodına uqsas usıllar ele Amerika mekteplerinde praktikalıq xarakterge iye temalarǵa baylanıslı qollanılmaqta. Joybarlardı tolıq klassifikatsiyalaw E.S.Polat, M.Yu. Buxarkinalardıń oqıw qollanbasında berilgen. Berilgen klassifikatsiyalawda kriteriyaları boyınsha tómendegi túrleri beriledi.

1. Proektte ústemlik etiw metodı boyınsha: izertlewshilik, oyın, informatsion, praktikalıq-baǵdarlanǵan.

2. Proektti kooridinatsiyalaw xarakteri boyınsha: kóriniwshi koordinatsiyası menen, jabıq koordinatsiyası menen.

3. Kontaktlerdiń xarakteri boyınsha: ishki (regionallıq), xalıqaralıq.

4. Qatnasıwshılardıń sanı boyınsha: jeke (individual), juplıq, toparlıq, sektsiya

5. O`tkeriw dawamlılıǵı boyınsha: qısqa múddetli, orta dawamlılıqta, uzaq múddetli.

Joybarda oqıtıwshıǵa koordinator, ekspert, qosımsha informatsiya deregi roli beriledi.

*Portfolio metodı:* İtaliyan tilinen awdarǵanda «hújjetler papkası», «qániyge papkası» degen mánisti beredi. Házirgi waqıtta «portfolio» túsinigin bilimlendiriw tarawı menen baylanıstıradı. Bul túsinik keń mánisinde portfolio metodı qálegen praktikalıq-nátiyjeli iskerlikke qollanıwǵa boladı. Solay etip, joqarı oqıw ornında praktik-nátiyje túrleri boyınsha: bilimlendiriw yamasa kásiplik qılıp bóliwge tiykar bar. Tipleri boyınsha: individual yamasa toparlıq.

«Student portfolio»sı texnologiyasınıń tiykarǵı printsiplerine tómendegilerdi kirgizsek boladı:

1. Belgili bir oqıw, ilimiy, dóretiwshilik iskerlik túrlerin iyelew nátiyjeleri boyınsha ózin-ózi anıqlaw

2. O`zin-ózi monitoring qılıwdıń sistemalılıǵı hám dawamlılıǵı. Student óz betinshe ózi tańlaǵan tarawdaǵı ózinińiskerligi nátiyjelerin baqlap baradı, eń qızıq jumıslardı tańlaydı, óz portfoliosı mazmunın tolıqtıradı.

3. Studentti oqıtıwshı, klass basshısı (kurator, t`yutor) tárepinen pedagogikalıq qollap-quwatlaw;

4. İndividual portfolioda berilgen materiallardıń strukturalastırıw hám logikalıq izbe-izligi.

5. Portfolionı bezewde estetikalıq talǵam hám puqtalılıq.

6. Materiallardıń bir pútinliligi, tematikalıq juwmaqlanǵanlıǵı.

7. «Student portfoliosı»nıń anıqlılıǵı hám tiykarlanǵanlıǵı.

Portfolio – bir yamasa bir qansha iskerlik tarawında jetiskenliklerin, miynetleriniń nátiyjelerin kórsetiwshi maqsetke baǵdarlanaǵan jaqsı jumıslardıń kollektsiyası. Joqarıda aytılǵanlardan kelip shıǵıp, informatsion texnologiyalar gumanitar pánlerdi oqıtıwda qosımsha usıl, olar oqıtıwdıń sıpatın asırıwı, sonday-aq predmetti úyreniw waqtın qısqartıw ushın járdem beredi. Kórsetilgen jaǵdayda biz bilimlendiriw protsessinde dástúriy bilimlendiriw menen bir qatarda qosımsha usıl retinde qollanıw múmkin.

## 1.3. Házirgi dáwir tariyx sabaqların oqıtıwdıń metodikası hám ózgeshelikleri

Mámleketimizde «Bilimlendiriw haqqındaǵı nızam» hám «Kadrlar tayarlawdıń milliy baǵdarlaması» tiykarında bas wazıypamız jaslardı hár tárepleme jetik insanlar etip tárbiyalaw bolıp tabıladı. Usı kóz-qarastan jaslardı óz ata-babaları, tuwǵan jeri tariyxın úyretiw hám olardı watan súygish ruwxında tárbiyalaw tariyx páni hám tariyxshı oqıtıwshılardıń baslı wazıypası bolıp esaplanadı.

Húrmetli birinshi Prezidentimiz İslam Karimov "Tariyxqa múrájet eter ekenmiz, bul xalıqtıń yadı ekenligin názerde tutıwımız kerek. Yadnamasız bárkamal kisi bolmaǵanınday, óz tariyxın bilmegen xalıqtıń keleshegi de bolmaydı"- dep pikir bildiriwi, tariyx páni oqıtıwshıları aldında úlken juwapkershılikdi payda etken edi.

Sonıń menen birge, Ózbekistan Respublikası Ministrler Keńesiniń 1996-jılı 16-dekabrde «Ózbekistannıń jańa tariyxın tayarlaw hám baspadan shıǵarıw haqqında» hám 1998-jıl 27-iyuldaǵı «Ózbekistan Respublikası İlimler Akademiyası tariyx instituti tarawın jetilistırıw haqqında»ǵı Qararı tariyx ilimin jańa basqıshqa kóterdi.

Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan tariyxı pánlerın oqıtıwda jas áwladtı watan súyiwshılik, óz ana-jurtına sheksiz muhabbat ruwxında tárbiyalaw, tuwılǵan úlkemiz gózzallıǵına, babalar mártligine maqtanısh, ásirlik dástúrlerimizge húrmet sıyaqlı pazıyletlerdi qáliplestırıw, olarda milliy maqtanısh sezimlerın ósiriw sıyaqlı talaplar búgingi kúngi tariyx pánin oqıtıwdın tiykarǵı maqseti hám wazıypası bolıp esaplanadı. Bul islerdi ámelge asırıw tariyx páninnıń oqıtıw protsessin durıs shólkemlestırıwge de baylanıslı.

Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan tariyxı pánin ózlestırıwge qoyilatuǵin talaplar mámleketlik tálim standartina muwapiq tómendegi talaplar qoyiladi:

- Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan tariyxı haqqinda teoriyalıq bilimge iye boliwi; ámeliy kónlikpelerdi iyelewi; kámil insandi tárbiyalawda tariyxtiń roli; keleshek áwladti Watandi súyiwshılik ruwxinda tárbiyalaw máselelerınıń áhmiyetin biliwi kerek.

- áyyemgi hám orta ásirler dáwirındegi shı'ǵarmalar, tariyx sabaǵi' tuwrali' shı'qqan qararlar hám olardi'ń ideolagiyali'q baǵdarlari', Ózbekistan hám Qaraqalpaqstan tariyxı boyi'nsha negizgi ádebiyatlar menen tanısıw kónlikpelerıne iye bolıwı kerek.

Ótmishten sabaq alıw, búgingi kúnimizdıń qádirıne jetiw, keleshekke qaray umtılıw, kóterińkilik penen miynet etiw, tariyxımızdıń tereń tamırların úyreniw hár bir jastıń, Ózbekistan puqarasınıń muqáddes minneti hám wazıypası bolıp esaplanadı. Mine, sonıń ushın da tariyxımızdı mekteplerde, oqıw orınlarında, úyreniwde tómendegilerge úlken itibar beriliw kerek:

- Ózlikti ańlaw - tariyxtı biliwden baslanadı. Sebebi hár bir adam tuwılıp ósken elinde ózin basqalardan kem sezbew, basın tik kóterip júriw ushın mánawiyatımızdı tiklep, tariyxıy yadtı bekkemlewimiz kerek.
- Hár bir adam óz watanı tariyxın, onıń rawajlanıw basqıshların tereń bilse ǵana watanpárwar insan bola aladı;
- tariyxımızdıń eń áiyemgi dáwirınen baslap, ǵárezsizlik jıllarına deyingi tariyxımızdıń rawajlanıw máselelerıne úlken itibar beriw;
- Oqiwshılarǵa tariyxıy túsinikler, tariyxıy faktler hám tariyxıy bilimlerdi bay, ráń-báreń hám sistemalasqan túrde, jańa zamanagóy texnologiyalardan paydalanıw jolları menen jetkerip beriw;
- Tariyxıy bilimlerdi iyelep, ózlestirip alıw protsessinde oqıwshılarımızda tuwılıp ósken watanınıń ótmishı hám háziri, tariyxıy túsinikler hám tariyxıy yadnama, oǵan bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttırıw;
- tariyx sabaqların oqıtıwda hám úyreniwde xalıslıq, Ilimiylik, tariyxıylıq, analiz, logikalıq baylanıs, salıstırıw, xronologiya, awızeki, kórgizbelilik siyaqlı

ilimiy-metodologiyalıq usıllardan sabaq ótiw protsessinde paydalanıw usılların hám jolların úyreniw.

Solay eken, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı pánlerın uyretiw arqalı - jas áwlad sanasında adamzat ushın eń áhmiyetli bolǵan mánawiyattı qáliplestırıw hám de jánede joqarlatıw, olardıń sanasında joqarı mánawiyat pazıyletlerın qáliplestırıw protsessinde milliy sana hám erkin pikirlewdi oyatıw, tariyxıy eslewdıń jaslarımızdı Watanǵa sadıqlıq hám milliylik ruwxında tárbiyalawdaǵı áhmiyetin kórsetip beriw, óz táǵdiri hám keleshegin jaratatuǵın jas áwladtı jańa jámiyetti jánede rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan ideyalar tiykarında tárbiyalawǵa qaratılǵan. Tálim-tárbiyanıń sapası hám nátiyjesi kóp tárepten pedagogikalıq texnologiyanı durıs tańlawǵa, oqıtıw metodların sheber qollanıwǵa baylanıslı boladı. Muǵallimler ásirese jas muǵallimler usıǵan qusaǵan sorawlarǵa teoriyalıq hám ámeliy juwap tabıwda kútá qıynaladı. Bul mashqalalarǵa juwap tabıwdı oqıtıw metodların hám pedagogikalıq texnologiya máselelerın úyreniwden baslaw kerek.

İlimiy-texnikalıq progress hám bazar qatnası tiykarında payda bolǵan miynet bazarı, básekili ortalıq oqıwshılardı oqıtıwǵa, qánigelerdi tayarlawǵa, olar jaratatuǵın ruwxıy jáne material baylıqlarǵa jańa talaplar qoymaqta. Bul ádiwli wazıypalardı jemisli turmısqa asırıw málim dárejede tálim-tárbiya protsesinde qollanılatuǵın pedagogikalıq texnologiyalar menen oqıtıw metodlarına baylanıslı boladı. Usı kózqarastan házirgi dáwirde oqıtıw metodlarına mına talaplar qoyıladı[22]:

- Oqıtıw metodları milliy tárbiya maqsetine muwapıq bilimli, joqarı adamgershılikli, óz watanınıń haqıyqıy pidayısı, salamat áwladtı kamalǵa jetkeriwge jańa zaman talabı dárejesinde úles qosıwı tiyis.

[22] Karamanova G. Tariyxtı oqıtıw metodikası. (Oqıw-metodikalıq qollanba). Nókis. Qaraqalpaqstan 2016.

- Mámleketlik bilimlendiriw standartı hám oqıw bağdarlamaları talapları tiykarında oqıwshılardıń bilim, eplilik, kónlikpeler jıyındısın ózlestırıwin támiynlew;
- Sabaq beriw, oqıw hám bilim mazmunı arasındağı baylanıstı, muğallim menen oqıwshılardıń birgeliktegi teń huqıqlı, erkin hám dóretiwshılik qarım-qatnasın bekkemlew;
- Oqıwshılardı oqıtıwğa úyreniwge, bilim beriwge emes bilimdi ózbetinshe tabıwğa hám iyelewge úyretiwge, orınlawshı emes dóretiwshı shaxstı tárbiyalawğa qaratılğan bolıwı;
- Oqıwshılardıń oqıtıw protsesiniń bas sub`ekti hám ob`ekti bolıwı;
- Oqıwshılarda ózbetinshelikti, jedellikti, ózbetinshe erkin pikirlewdi, dóretiwshılik oylawdı, dóretiwshılik penen miynet islewdi, intakerlikti, isbilermenlikti rawajlandırıwı.

Metod grek tilinen kelip shıqqan. Bizińshe ol jol, usıl, ádis degen mánisti bildiredi. Anıq etip aytqanda metod adamlardıń biliw hám ámeliy xızmetiniń jolı, ádisi, usılı degen mağananı ańlatadı. Adamlardıń xızmet túri qanday bolsa soğan say metodı boladı. Máselen islep shığarıwda bir metodlar qollanılsa, ilim-izertlew jumıslarında basqa metodlardan paydalanıladı, al tálim-tárbiyada pútkilley olarğa uqsası joq metodlar qollanıladı. Adamlardıń xızmeti quramalı bolğan sayın onda qollanılatuğın metodlarda quramalasıp baradı. Tálim-tárbiya adamzattıń eń quramalı xızmet túrlerınen esaplanadı. Sonıń ushın oqıtıw protsesinde túrli-túrli quramalı oqıtıw metodlarınan paydalanıwğa tuwra keledi.

Oqıtıwshınıń bilim beriwdegi hám oqıwshılardıń bilim, eplilik, kónlikpelerdi iyelewdegi, olardıń kóz-qarasların qáliplestırıwge, uqıplılıqların rawajlandırıwğa qaratılğan birgeliktegi xızmetlerınıń, usıllarınıń jıyındısına *oqıtıw metodı* dep aytıladı[23]. Oqıtıw metodınan basqa oqıtıw usılı, ádisi degen túsinikte qollanıladı.

[23] [Qosnazarov Q.], Pazılov A., Tilegenov A. Pedagogika. N., «Bilim» 2009

Oqıtıw metodı keń túsinik, oqıtıw usılı, ádisi tar túsinik. hár bir oqıtıw metodı bir neshe elementlerden quraladı. Oqıtıw metodınıń usı elementlerın oqıtıw usılları, ádisleri dep ataydı. Mısalı oqıwshılardı sabaqlıq hám kitap penen islewge úyretiw metodı bir neshe usıllardan turadı: oqıǵan materialdıń jobasın dúziw, mazmunın qaytarıp aytıp beriw, konspekt alıw t.b. Oqıtıw metodınıń qurılısına kiretuǵın hám oqıw materialın ózlestırıwge járdem beretuǵın, oqıtıwshı menen oqıwshınıń is-háreketine *oqıtıw usılı* dep aytıladı. Oqıtıwshı oqıtıw metodın qollanıp bilimdi oqıwshılarǵa túsindiredi, kórsetedi, keńes beredi, t.b. Oqıwshı oqıtıw metodınan paydalanıp muǵallimnıń túsindirgenin tıńlaydı, baqlaydı, jazadı t.b. Oqıtıwshınıń xızmeti oqıtıw metodların qollanıp sabaq beriw, oqıwshınıń xızmeti, oqıtıw metodların paydalanıp bilim alıwdan ibarat.

Oqıtıw metodı, usılı menen bir qatarda oqıtıw protsesinde hár túrli oqıtıw quralları da qollanıladı. Qural, ásbap, miynet hám háreket quralı degen mánisti bildiredi. Qurallar járdeminde hár túrli jumıslar orınlanadı, háreketler islenedi. Oqıtıwshınıń bilim beriwinde hám oqıwshılardıń bilimlerdi iyelewinde járdem beretuǵın ásbaplar menen dereklerge oqıtıw quralı delinedi. Olarǵa muǵallimnıń sózi, sabaqlıqlar, oqıw qollanbaları, kitaplar, sózlikler, oqıw hám laboratoriyalıq ásbap-úskeneler, kórsetpeli hám texnikalıq qurallar, jurnallar, gazetalar hám basqalar kiredi.

Jańa pedagogikalıq texnologiyalardı qollawdıń, pedagogikalıq jańalıqlardı oylap tabıwdıń, novatorlıq tájiriybelerdi jaratıwdıń pedagogikalıq «júregi» bolıwı kerek. Xabar hám baylanıs texnologiyaları, internet hám komp`yuter tarmaqları, aralıqtan oqıtıw arqalı bilim beriwge hám bilim alıwǵa járdemlesiwi lazım.

Xabar beriw jolı menen oqıtıwdan dóretiwshılik penen oqıwǵa, este saqlawǵa tiykarlanǵan, bilim beriwden oylawǵa, sezimge hám ámeliy xızmetke negizlengen bilim beriwdi támiyinlewi kerek.

Oqıtıw metodları pánnıń, temanıń, oqıwshılardıń jas, jeke ózgesheliklerıne ılayıq, sabaqtıń qay jerde ótkeriletuǵının esapqa alǵan halda tańlanıwı hám qollanıwı tiyis.

*Oqıtıw metodlarınıń túrleri hám olardıń sıpatlaması:* Oqıtıw metodların túrlerge bóliw haqqında da didaktikada birdey pikir joq. Máselen rus pedagogları S.İ.Perovskiy, E.Ya. Golant oqıtıw metodların bilim deregine qaray awızeki, kórsetpeli hám ámeliy dep úsh túrge bóledi. M.A.Danilov, B.P.Esipov oqıtıw metodların didaktikalıq tiykarǵı wazıypalarǵa baylanıslı: bilimdi iyelew, eplilik hám kónlikpelerdi qáliplestırıw, ózlestirgen bilimdi qollaw, bilim, eplilik, kónlikpelerdi bekkemlew hám tek-seriw metodları dep bóledi. Oqıwshılardıń oqıw xızmetinıń xarakterıne tiykarlanıp M.N.Skatkin, İ.N.Lerner oqıtıw metodların túsindirip-kórsetip, reproduktivlik, mashqalalı bayan etiw, bilimdi izlep taptırıw (evristikalıq) hám izertlew túrlerıne bólgendi maqul dep esaplaydı. Oqıtıw metodların túrlerge ajıratıwda bulardan basqa M.İ.Maxmudov, A.N.Aleksyuk, İ.D.Zverev, V,F.Palaramuk hám S.G.Shapovalenkolarda hár túrli pikirler ushırasadı.

Joqarıdaǵı pedagog alımlardıń orınlı usınısların esapqa alıp, milliy mekteplerimizde qáliplesken tariyxıy tájiriybelerge negizlenip oqıtıw metodların mına túrlerge bóliwge boladı: awız-eki, kórsetpeli, ámeliy, mashqalalı, induktiv, deduktiv hám interaktiv oqıtıw metodları.

*Awız eki oqıtıw metodları.* Oqıtıw protsesinde awız-eki oqıtıw metodları tiykarınan oqıwshılardı teoriyalıq bilimler menen qurallandırıw maqsetinde qollanıladı. Sonday-aq onnan eplilik hám kónlikpelerdi payda etiwde, anıqlawda, bekkemlew hám tekseriwde paydalanıladı. Awız-eki oqıtıw metodları tómendegi túrlerge bólinedi: áńgime, gúrriń, túsindiriw, sabaqlıq hám kitap penen islew, mektep lektsiyası.

*Áńgime.* Oqıw materialın qısqa, obrazlı, janlı hám tásirli bayan etiwge áńgime metodı delinedi. Ol áńgime-kirisiw, áńgime-bayan etiw hám áńgime-juwmaqlaw túrlerınde qollanıladı. Áńgime I-IV klasslarda 6-10 minut, V-IX klasslarda 10-20

minut dawam etiwi múmkin. Áńgime derlik barlıq pánlerdi oqıtıwda, barlıq klasslarda, ásirese gumanitar pánlerdi oqıtıwda keń qollanıladı. Áńgime metodı menen oqıw materialın bayan etkende oqıwshılar selqos tıńlawshı bolıp qalmawı lazım. Bunıń ushın muǵallim áńgimeni mashqalalı xarakterde bayan etip, pikir talasın shólkemlestirip, sorawlar berip, oqıwshılardıń dıqqatın zárúriy másele átirapına toplap, kórsetpeli, texnikalıq qurallardan paydalanıp oqıtıw protsesin jedellestırıwi kerek. Áńgimenıń nátiyjesi kóp tárepten muǵallimnıń dilwarlıǵı, sóziniń túsinikli, tásirli, anıq hám mazmunlı bolıwına baylanıslı.

*Gúrriń.* Gúrriń metodı awız-eki oqıtıw metodınıń negizgi túrlerınen biri bolıp, muǵallimler tájiriybelerınde kóp qollanıladı hám jaqsı nátiyjeler beredi[24]. Onı soraw-juwap metodı depte ataydı. Sebebi oqıw materialın úyretiw soraw beriw hám juwap alıw túrınde alıp barıladı. Gúrriń metodı menen ótiletuǵın materiallar oqıwshılarǵa málim dárejede tanıs bolıwı kerek, óytkeni tanıs emes materiallardı gúrriń metodı menen úyretip bolmaydı, berilgen sorawlarǵa oqıwshılar juwap qaytara almaydı. Sabaqta oqıwshılarǵa beriletuǵın sorawlar sabaqtıń jobasın dúziwde belgilenedi. Sorawlar anıq, qısqa, mazmunlı bolıwı hám oqıwshılardı ózbetinshe dóretiwshılik penen juwap qaytarıwǵa baǵdarlawı tiyis. Gúrriń metodı barlıq klasslarda hám hámme pánlerdi oqıtıwda qollanıladı. Oǵan I-IV klasslarda 8-12 minut, V-IX klasslarda 10-25 minut ajıratılıwı múmkin. Gúrriń metodı oqıwshılarǵa bilim beriwde, burıngı materiallardı eske túsiriw, tekseriw, tákirarlaw, bekkemlew, juwmaqlaw, ulıwmalastırıw, bahalaw hám bilim-lerdi ámelde qollatıwǵa úyretiwde keń qollanıladı. Tájiriybeli muǵallimler gúrrińdi evristikalıq sıpatta ótkerip bilimdi oqıwshılardıń ózlerıne taptıradı, onıń ushın hámmege birdey sorawlar qoyadı, jeke juwap aladı, basqalar toltıradı, keyninde oqıwshı yamasa muǵallim juwmaqlaydı.

---

[24] Toshpo'latov T., G`afforov Ya. Tarix o'qitish metodikasi. – Toshkent: Turon-Iqbol, 2010. – B. 129

*Túsindiriw.* Áńgime, gúrrıń metodı menen úyretiliwi qıyın materiallar túsindiriw metodı menen úyretiledi. Túsindiriwde qaǵıydalar, rejeler, nızamlar, prıntsipler hám teoremalardı úyretiw dálillew xarakterınde júrgiziledi. Túsindiriw oqıwshılardıń baqlawı, muǵallimnıń oqıwshılarǵa, oqıwshılardıń muǵallimge sorawı hám juwabı taqıletinde shólkemlestiriledi. Túsindiriw metodı ana tili matematika, fizika, ximiya, biologiya pánlerın oqıtıwdı kóbirek qollanıladı. Oqıwshılardıń úyretilgen materiallardı túsiniwi tiykarǵı faktlardı hám juwmaqlardı tákirarlaǵanda, jańa nızamlar, teoremalar hám qaǵıydalardı qollanǵanda, shınıǵıw hám ámeliy jumıslardı orınlaǵanda tekserilip barıladı, tiyisli ilajlar kóriledi.

Joqarı klasslarda sabaqlıq hám kitaptan basqa birınshı derekli materiallar, oqıw quralları: sózlik, xrestomatiya, entsiklopediya, maǵlıwmatnama, shınıǵıwlar hám máseleler jıynaǵı, ilimiy, siyasiy, kórkem ádebiyatlar, gazeta hám jurnallardan paydalanıladı. Olar menen islew ádislerıne oqıwshılar bir qálipte úyretilip barıladı.

*Baqlaw.* Mektep ámeliyatında baqlaw metodınıń eki túri; zat hám qubılıslardı tábiyiy hám jasalma, tájiriybe jaǵdayında baqlaw túri qollanıladı. Baqlaw qısqa hám uzaq múddetli boladı. Qısqa waqıt baqlawǵa suwdıń puwǵa aylanıwın, baslawısh klasslarda tábiyat qubılısın baqlaw jatadı. Uzaq múddetli baqlawǵa tábiyat máwsimlerın, ósimliklerdıń ósiwin, haywanlardıń turmıs keshıriwin baqlaw kiredi. Tábiyiy jaǵdayda baqlaw mına tártipte ótkeriledi. Dáslep oqıwshılar aldına wazıypalar qoyıladı, baqlaw jumısları ótkeriledi, muǵallimnıń sorawlarına juwaplar tabıladı, gúrrıń ótkeriledi, juwmaq shıǵarıladı hám onı oqıwshılar dápterlerıne jazıp aladı. Tájiriybe, jasalma túrde baqlaw Baqlaw metodı jańa materialdı úyreniwde, eksperimentler ótkergende, miynet protsesinde, ótilgenlerdi tákirarlaw hám bekkemlewde kóbirek qollanıladı.

Solay eken, bil metodlarda lektsiya hám ámeliy shınıǵıwlar ótkerilgende zamanagóy texnikalıq quarallar menen támiyinleniwi kerek. Pándi oqıtıwda oqıwlıq, oqıw hám metodikalıq qollanbalar, lektsiya tekstleri, tarqatpalı materiallar, internet saytları maálıwmatlarınan paydalanıladı.

## II-BAP: Interaktiv metodlar: olardıń tariyx táliminde qollanılıwı hám paydalanıw usılları.

«İnteraktiv» sózi anglichan tilinen kelıp shıqqan «İnterast», «İnter» birgelikte, «ast» háreket etiw degen mánisti ańlatadı[25]. İnteraktiv – birgelikte háreket etiw metodı maǵanalarında qollanıladı. İnteraktiv oqıtıw dialogiyalıq xarakterde alıp barıladı, muǵallim oqıwshı, oqıwshı-muǵallim, oqıwshı-komp`yuter menen qarım-qatnasıqqa túsinedi. İnteraktiv oqıtıw-biliw hızmetin shólkemlestırıwdıń ayrıqsha túri. İnteraktiv oqıtıwda oqıwshınıń ózligin hártárepleme dúzege shıǵarıw ushın hámme jaǵdaylar jaratıladı. Barlıq oqıwshılar biliw protsessinde qatnastırıladı, bilgeni hám oylaǵan oyı haqqında ózinıń pikirın aytıw múmkinshılıgine iye boladı.

Oqıw materialın ózlestırıwge hár bir oqıwshı jeke úles qosadı, alǵan bilimi, ózlestirgen ideyası, xızmet ádisi haqqında joldasları menen ortaqlasadı. Biliw protsessi haq niyetlilik hám bir-birewdi qollap-quwatlaw túrınde shólkemlestiriledi. Bunıń nátiyjesinde oqıwshılar jańa bilimdi tez ózlestirip aladı, biliw iskerligi jetilisedi, birgelikte islesiw joqarǵı basqıshqa kóteriledi. İnteraktiv oqıtıw bes elementten turadı:

- óz-ara paydalı ǵárezlilik;
- jeke juwapkershılik;
- óz-ara hárekette járdem beriw;
- birgelikte jumıs islew kónlikpesi;
- toparda islew.

Oqıwshılardı İnteraktiv qarım-qatnasıqqa úyretiwdıń maqul jolı trening sabaqlar, oyınlarǵa, aqlıy hújim, pikir talası, júzbe-júz pikirlesiw, dóńgelek stol átirapında ashıqtan-ashıq sóylesiw hám basqalarǵa qatnastırıw bolıp esaplanadı.

Oqıtıwdıń İnteraktiv metodların qollawǵa mına talaplar qoyıladı:

- Sabaqqa barlıq oqıwshılardı jedelli qatnastırıw;

---

25 Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pánin kásiplik tarawlarǵa jóneltirip oqıtıw meyodikası. Oqıw-metodikalıq qollanba. T., TMPU, 2012

- Oqıwshılardı sabaqqa psixologiyalıq jaqtan tayarlawǵa, ózligin hártárepleme júzege shıǵarıwǵa eń qolaylı sharayat jaratıw;

- İnteraktiv texnologiyasına úyreniwshıler 25-30 oqıwshıdan aspawı kerek[26]. Sonda ǵana kishı toparlardaǵı jumıslar nátiyjeli boladı, hár bir oqıwshını tańlaw, hár bir oqıwshınıń mashqala boyınsha shıǵıp sóylewine erisiw múmkin;

- Sabaq xanasi hámme tárepten talapqa say dárejede tayarlanıwı, kishı hám úlken toparlardıń jumıs islewine qolaylı bolıwı hám hámmeniń sabaqtı alıp barıwshını kóriwge múmkinshılıgi bolıwı tiyis;

- Sabaqtı ótkeriw tártibinen hám waqtına ayrıqsha áhmiyet beriw, bul haqqında oqıwshılar menen sabaqtıń basında kelisip alıw. Basqalardıń pikirınshe shıdaw, hár bir oqıwshınıń shıǵıp sóylew huqıqın hám qádir-qımbatın húrmetlew;

- Sabaq qatnasıwshıların toparlarǵa bóliwge úlken kewil bóliw.

Bul talaplardı ámelge asırıw İnteraktiv oqıtıw metodların dóretiwshılik penen sheber qollawǵa múmkinshılık jaratadı. Hár bir sabaqta tálimnıń anıq maqseti belgileniwi, pán baǵdarlamasında kórsetilgen temanıń oqıtılıwı boyınsha qanday usıldan paydlanıwı kerekligin muǵallim jeke tájiriybesine qaray anıqlap alıwı shárt. Oqıtıw barısında muǵallim zárúrli maǵlıwmatlardı tańlap alıwı sabaqlıqtan ónimli paydalanıwı, hár temaǵa tiyisli bolǵan máselelerdi keń túrde bayan etiwi hám oqıwshılardıń ózlestırıw qábiletine sáykes halda pán boyınsha onıń mazmunın túsiniwine járdem beriwi kerek.

Tariyxıy pánlerdi házirgi zaman talabına muwapıq oqıtıw kútá quramalı bolıp, hár bir pedagogqa úlken juwapkershılik júkleydi. Sebebi, jańa pedagogikalıq texnologiyalardan paydalanıw arqalı jeke adamdı, jas óspirimdi óz betinshe pikir júrgiziwge, erkin pikirlew arqalı dóretiwshılikke de úyretiledi.

---

[26] Jumaniyozova M. «Tarix darslarida innovatsion texnologiyalardan foydalanish» (metodik qo’llanma), Toshkent-2005

## 2.1. Bilim beriw protsessinde innovatsion texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıwdıń áhmiyeti.

Ǵárezsizligimizdıń dáslepki kúnlerınen baslap bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw mámleket siyasatınıń áhmiyetli baǵdarı sıpatında atap ótilgen. Oqıw – tárbiya protsesslerın ilimiy hám metodik tárepten jetik támiyinlep alıw úlken nátiyjege erisiwimizge xızmet etedi. Bunda barlıq túrdegi sabaq hám ózbetinshe tarsırmalar studentlerdi oylawǵa, dóretiwshılik múmkinshıligine, hár tárepleme pikir júrgiziwge, berilgen tapsırmalardı óz turmıslıq tájriybelerıne tiykarlanıp sheshıwge úyretedi.

Tálim texnologiyasında oqıwshılardı jedellestiretuǵın hám oqıtıw-tárbiya jumısların shólkemlestırıwdıń topar metodları burınnan qollanılıp kiyatır. Jańa ásir oqıwshılardı oqıtıwǵa, qánigeler tayarlawǵa ayrıqsha talap qoymaqta. Sol sebepli oqıwshılardıń sınshıl pikirlewine, dóretiwshılik oylawın, dóretiwshılik uqıplıǵın hám miynet iskerligin rawajlandırıw oqıw protsessinde de, pedagogikada da baslı mashqalaǵa aylandı. Bul wazıypalardı ámelge asırıw ushın qatar jańa metodlar, usıllar islenip shıǵıldı hám qollanılmaqta. Solardıń biri interaktiv metodı. İnteraktiv metodın qollanıwǵa rawajlanǵan demokratiyalıq mámleketler oqıw orınlarında úlken áhmiyet bermekte.

Búgingi kúnde eń áhmiyetli máselelerden biri tálim – tárbiya mazmunın túpten ózgertiw onızaman talabı dárejesine kóteriw tiykarǵı orın iyeleydi. Sebebi jámiyettiń jańalanıwı, rawajlanıwı hám keleshekti támiyinlewde ámelge asırılǵan reformalar nátiyjesi, táǵdiri, respublikamızdıń ǵárezsizlik hám bazar ekonomikasına tán sotsial-ekonomikalıq siyasatın qálıplestırıw ushın zaman talaplarına juwap beretuǵın joqarı tájriybeli kadrlar tarbiyalaw mashqalası menen tıǵız baylanıslı. Kadrlar tayarlaw milliy dástúrın ámelge asırıwdaǵı tiykarǵı prıntsiplerden biri – bul bilimlendiriw sistemasın dúzilisi hám mazmunı jaǵınan reforma etiw ushın oqıtıwshı-ustazlardı qayta tayarlaw, joqarı tájriybeli, básekige shıdamlı kadrlar tayarlaw boyınsha bilimlendiriw mekemeleri xızmetin

integratsiyalaw, aldıńǵı pedagogik texnologiyalardı, pedagogik innovatsiyalardı bilimlendiriw protsessine engiziwden ibarat esaplanadı.

*İnnovatsiya* – ámeliyat hám teoriyanıń áhmiyetli bólimi bolıp, sotsiallıq – mádeniy ob`ekt sıpatların jaqsılawǵa baǵdarlanǵan sotsiallıq sub`ektlerdıń háreket sisteması esaplanadı[27]. Bul ideya teoriyası mazmunınıń payda bolıwında salıstırmalı kóz-qaraslar hám pikirlerge iye bolıp, onımazmunı boyınsha ilimde birden-bir pikirge iye emes. İnnovatsion aktual, áhmiyetke iye bolıp, bir sistemada qálıplesken jańasha pikir hám kóz-qaraslardan ibarat. Olar baslamalar hám jańalıqlar tiykarında tuwılıp, bilimlendiriw mazmunın rawajlandırıw ushın áhmiyetli bolıp, bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıwǵa unamlı tásir kórsetedi. İnnovatsiya – belgili bir xızmet sheńberınde yaki óndiristegi texnologiya, forma hám metodlar, mashqalanı sheshıw ushın jańasha pikir yaki jańa texnologik protsessti qollaw aldınnan anaǵurlım jetiskenlikke erisiwge alıp keliwi málim bolǵan aqırǵı nátiyje esaplanadı.

Búgin bilimlendiriw sistemasındaǵı innovatsiyalardı tómendegishe klassifikatsiyalawdı maqul kórmekte:

- jumıs alıp barıw baǵdarlarına qarap;
- ámelge asırılǵan ózgerislerdıń klassifikatsiyasına qarap;
- ózgerisler kólemine qarap (lokal, modulli, sistemalı);
- kelıp shıǵıw deregine qaray.

İnnovaciyanıń maqseti – jumsalǵan qárejet yaki resursdan eń joqarı nátiyje alıwdan ibarat. Basqa hár qıylı ózinen-ózi payda bolatuǵın jańalıqlardan parqı, innovatsiya basqaralıwshı hám qadaǵalawshı ózgerisler mexanizminen turadı.

Bilimlendiriw sistemasındaǵı hár qanday jańalıq innovatsiya bola almaydı. Sol sebepli «novaciya» hám «innovaciya» túsinikleri ortasındaǵı tiykarǵı

---

[27] Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pánin kásiplik tarawlarǵa jóneltirip oqıtıw meyodikası. Oqıw-metodikalıq qollanba. T., TMPU, 2012

parıqlardı kórsetip ótiwimiz zárúr. Bunıń ushın reforma xızmetinıń anıq forması mazmunı hám kólemi tiykar bolıp xızmet qıladı. Eger xızmet qısqa múddetli bolsa hám pútin sistema xarakterge iye bolmasa, óz aldına belgili sistemadaǵı tek bazı elementlerdıń ózgertiwin wazıypa etip qoyǵan bolsa, bunday jaǵdayda biz novatsiya menen jumıs alıp barıp atırǵan bolamız. Eger xızmet belgili kontseptual kóz-qarasta ámelge asırılıp atırǵan bolsa hám onıń nátiyjesi sol sistema rawajlanıwına yaki onıń prıntsipial ózgeriwine alıp kelseǵana innovatsiya dep atay alamız. İnnovaciyanıń ámeliyatqa engiziliwi innovatsion proceslerde ámelge asırıladı. İnnovacion proces – dep innovatcion ózgerislerge tayarlıq kóriw hám onı ámelge asırıw protsessine aytıladı.

Tálim protsessindegi bilimlendiriw sisteması innovatsion ózgerisler, hár qanday jańalıqtıń kiritiliwi tikkeley oqıtıwshı xızmetin jańalaw hám ózgerisler arqalı ámelge asırılıwı názerde tutadı. Bilimlendiriw sistemasındaǵı innovaciyalar, olardı ámeliyatqa engiziw, innovatsion protsesslerdıń basqarıwın analiz etiw arqalı, innovatsion xızmet túsinigin táriplew imkaniyatı payda boldı. İnnovacionxızmet-pedagogik jámáátti háreketke keltırıwshı, alǵa ilgerlewdi, rawajlanıwdı ámelge asıratuǵın kúsh.

İnnovacion xızmet – úzliksiz ráwishte jańalıqlar tiykarında jumıs alıp barıw bolıp, ol uzaq waqıt dawamında qálıplesedi hám jetilisip baradı. Oqıtıwshı innovatsion xızmeti xarakterlerın úyrenip shıqqan pedagog alımlar pikirıne tayanǵan halda, tómendegi innovatsion xızmetlerdıń tiykarǵı belgileri dep atap ótiwi múmkin.

- dóretiwshılik xızmeti filosofiyasın iyelewge umtılıw;
- pedagogik izertlew metodların iyelew;
- avtorlıq kontsepsiyalar jaratıw qábileti;
- tájriybe – sınaw jumısların rejelestırıw hám ámelge asırıw;
- ózinen basqa izertlew alıp barǵan pedagoglardıń tájriybesin qollanabiliw;
- jámáát penen sheriklik;

- pikir almasıw hám metodik járdem kórsete alıw;

- qarama-qarsılıqlardıń aldın alıw hám saplastırıw;

- jańalıqlardı izlep tabıw hám olardı óz shárayatına maslastırıp barıw;

Innovatsion xızmettiń tiykarǵı mazmunı ámelde jańa texnologiyalardıń qálıplesiwi bolıp, onıń nátiyjesi innovatsiya sıpatında payda bolǵan oylap tabıwdı – joybarǵa, joybardı – texnologiyaǵa aylandırıwǵa baǵdarlanǵan iskerlik esaplanadı. İnnovatsion xızmetke ilimiy túsinikler akademik bilim logikası boyınsha payda bolmaydı, bálkim rawajlanıw protsessnıń modifikatsiyaları qollap-quwatlanıwı nátiyjesinde rawajlanıp atırǵan ámeliyat pikirınde payda boladı.

Oqıtıwdıń interaktiv metodları – úyreniw hám kommunikativ iskerligin payda etiwdıń arnawlı forması bolıp, onda tálim alıwshılar úyreniw protsessine qamtıp alınadı, olar biletuǵın hám oylap atırǵan nárselerın túsiniw hám pikirlew imkaniyatına iye boladı. İnteraktiv sabaqlarda oqıtıwshınıń ornı studentlerdıń iskerligin sabaq maqsetlerıne erisiwge baǵdarlawǵa qaratıladı. Bul metodlardıń ózine tánligi sonda, olar pedagog hám oqıwshılardıń birgelikte jumıs alıp barıwı arqalı ámelge asadı.

Oqıtıwdıń İnteraktiv metodları okıwshılardı kútá jedellestiredi, olardıń biliw múmkinshılıklerın iske qosadı, oqıw protsessine jarıs elementin kirgizedi, jeke oqıwshınıń jumıs nátiyjesinen topar oqıwshıları jumıs nátiyjesinıń artıqmashlılıǵın kórsetedi. Sabaqta birge islesiw keypiyatın payda etedi. Nátiyjede bilim beriwshı hám oqıwshılardı birge islesiwge úyretiwshı ortalıq qálıplesedi.

İnteraktiv oqıtıw metodı oqıtıwshı, pedagogqa tómendegi máselelerdi sheshıwde úlken járdem beredi:

- Sabaq temasına oqıwshılardı qızıqtırıw;
- oqıw materialın bekkem ózlestırıw;
- sınshıl oylawın rawajlandırıw;
- baylanıs kónlikpelerın qálıplestırıw;
- barlıq oqıwshılardı oqıw xızmetine jedelli qatnastırıw;
- oqıw toparında eń qolaylı psixologiyalıq jaǵday jaratıw h.t.b.

*İnteraktiv metodlardan paydalanıp, shólkemlestirilgen sabaq qurılısı tómendegi formaǵa iye:*




Oqıwshılar dialogiyalıq oqıtıw barısında sınshıl oylamalı mashqalalardı sheshıwǵe, uqsas pikirlerdi salıstırıp kóriw, «jeti márte ólshep, bir márte kesip» sheshım qabıl etiwǵe, pikir talasına qatnasıwǵa, balalar menen pikir almasıwǵa úyrenedi. Bunıń ushın sabaqta birgelikte jumıslar shólkemlestiriledi. İzertlew joybarları qollanıladı, roli oyınlar oynaladı, xabar derekleri menen jumıslar alıp barıladı, dóretiwshılik jumıslardan paydalanıladı.

## 2.2. «Keys-stadi» texnologiyası hám olardan tariyx sabaqlarında paydalanıw jolları.

Keys-stadı (ing. **case** - anıq ámeliy jaǵday, **stadı**-oqıw) oqıw texnologiyası bolıp, studentlerde anıq, real problemalıq jaǵdaylardı analiz qılıw arqalı eń maqul variantlardı tabıw kónlikpelerin qáliplestiriwge xızmet qıladı[28]. Ol studentlerdi tikkeley hár qanday mazmunǵa iye jaǵdaydı úyreniw hám analiz qılıwǵa úyretedi

**«Keys-stadi» texnologiyasın ámelge asırıw basqıshları:**

| Jumıs basqıshları | İskerlik túri hám mazmunı |
|---|---|
| **1-basqısh:**<br>Keys hám onıń xabar támiynatı menen tanısıw; | • Keys penen tanısıw (tekstli, audio yaki media kórinisinde);<br>• Xabardı ulıwmalastırıw;<br>• Xabar analizi;<br>• Mashqalalardı anıqlaw. |
| **2-basqısh:**<br>Keysti anıqlastırıw hám oqıw tapsırmasın belgilew; | • İndividual hám toparda islew;<br>• Mashqalalardı aktuallıq ierarxiyasın anıqlaw;<br>• Tiykarǵı mashqalalı jaǵdaydı anıqlaw. |
| **3-basqısh:**<br>keystegi tiykarǵı mashqalanı analizlew arqalı oqıw tapsırmasınıń sheshimin izlew, sheshiw jolların islep shıǵıw; | • İndividual hám toparda islew;<br>• Al`ternativ sheshim jolların islep shıǵıw;<br>• Hár bir sheshimnıń imkaniyatları hám tosıqların analizlew;<br>• Al`ternativ sheshimlerdi tańlaw. |
| **4-basqısh:**<br>Keys sheshimin qáliplestiriw hám tiykarlaw, prezentatsiya. | • Jeke hám toparda islew;<br>• Al`ternativ variantlardı ámelde qollaw imkaniyatların ámelde qollaw;<br>• Dóretiwshilik-joybar prezentatsiyaların tayarlaw;<br>• Sońǵı juwmaq hám jaǵdaydıń ámeliy aspektlerin ashıp beriw. |

---

28 Ganieva M.A., Fayzullaeva D.M. Keys-stadi o`qitishning pedagogik texnologiyalari to`plami. Metodik qo`llanma/ Seriya “O`rta maxsus, kasb-hunar ta`limi tizimida innovatsion texnologiyalar”. – T.: TDIU, 2013. – 95 bet.

*Usınıs etilip atırǵan keysti sheshiw tómendegi nátiyjelerge erisiwge imkaniyat jaratadı:*

- úyrenilgen oqıw teması boyınsha bilimlerdi bekkemlew;
- mashqalanıń hámde qabıl etilgen sheshimniń individual hám topar analizinde bilim hám kónlikpelerdi qayta tapsırıw;
- logikalıq pikirlewdi rawajlandırıw;
- óz betinshe qarar qabıl etiw kónlikpelerin iyelew;
- oqıw informatsiyaların ózlestiriw dárejesin tekserip kóriw.

***«Ózbekstan tariyxı» páninen «Ullı Jipek jolı hám házirgi zaman» teması boyınsha Keys-stadi:***

## I. PEDAGOGİKALIQ ANNOTATsİYa

**Oqıw predmeti** *«Ózbekstan tariyxı»*

**Tema** *«Ullı Jipek jolı hám házirgi zaman»*

**Keys-stadidiń tiykarǵı maqseti**

*Ullı Jipek jolınıń payda bolıwı, onıń tarmaqları hám házirgi zaman ushın paydası haqqında dáslepki bilimlerdi qáliplestiriw.*

**Oqıw iskerliginen kútiletuǵın nátiyjeler**

1. Ullı jipek jolı aldın qanday atamalar menen belgili bolǵanlıǵın túsindirip beriw.

2. *Ullı Jipek jolınıń payda bolıwı hám onıń tarmaqları* tarmaqların sanap beriwi hám onıń táreplerin ajıratıp kórsete alıwı, bull jol tariyxınıń dúńya tariyxındaǵı áhmiyetin túsindire alıwı.

3. Ózbekstan tariyxınıń metodologiyalıq funktsiyasın analizleydi, mashqalalı wazıypalardı sheshiwdi teoriyalıq bilimlerdi qollaw, mashqalanı anıqlap, onı sheshiwde sheshim qabıl etiw.

**Usı keys-stadidi jaqsı ámelge asırıw ushın aldınnan talabalar tómendegi bilim hám kónlikpelerge iye bolıwları zárúr**

*Talaba biliwi kerek* - Ullı jipek jolınıń adamzat tariyxında tutqan ornın, Orta Aziyanıń  Batıs hám Shıǵıs ortasındaǵı dárwaza wazıypasın atqarıwındaǵı qatnasın, Ullı jipek jolınıń dúnya civilizaciyasında tutqan áhmiyetin, Ullı jipek

jolınıń Batıs hám Shıǵıs ellerınıń ruwxıy, mádeniy hám ekonomikalıq baylanısların rawajlandırıwda tutqan ornın, Ullı jipek jolın tiklewde Ózbekstan Respublikasınıń tutqan ornı hám Ullı jipek jolı boyınsha xalıq aralıq birge islesiwler.

*Talaba ámelge asırıwı kerek* - temanı ǵárezsiz úyrenedi, mashqalanıń áhmiyetin anıqlastıradı, ideyalardı alǵa súredi, kritikalıq kóz-qarastan kórip shıǵıp, ǵárezsiz qarar qabıl etiwdi úyrenedi, óz kóz-qarasına iye bolıp, logikalıq juwmaq shıǵaradı, oqıw materialları menen ǵárezsiz isleydi, maǵlıwmatlardı salıstıradı, analizleydi hám ulıwmalastıradı.

*Talaba iye bolıwı kerek* - kommunikativ kónlikpelerge, kórsetip beriw kónlikpelerine, birge islesiw kónlikpelerine, mashqalalı jaǵdaylar analiz qılıw kónlikpelerine.

**Birinshi basqısh: (ajıratılǵan waqıt 5 minut).**

Talabalar úsh toparǵa bólinedi;

Metodtı ótkiziw shárti, waqtı hám bahalanıw tártibi menen tanıstırıladı;

Toparlarǵa tarqatpa materiallar (mashqalalı jaǵdaydı ózinde payda etken tekst hám keys sheshimi ushın usınıs etilgen pikirler ushın sızılma) tarqatıladı yaki tekst prezentaciya kórinisinde yaki word tekstte ekranǵa shıǵarıp qoyılıwı múmkin;

**Tarqatpa material (toparlarǵa tarqatıladı yaki proektor járdeminde ekranda kórsetiledi).**

"Jipek jolı" degen túsinik Evraziyadaǵı (Qıtay, Indiya, Orta hám Jaqın Shıǵıs) áyyemgi dáwirde hám orta ásirde eń baslı mádeniyatı rawajlanǵan ellerdi baylanıstıratuǵın jollardıń tutas birlespesin ańlatıp, eń dáslep 1877-jılı nemis geografı K.Rextgofen tárepinen engizildi. Waqıttıń ótiwi menen bul termin (túsinik) keńirek qollanıla basladı hám Evraziyanıń hár qıylı bóleklerinıń sol dáwirge óz-ara qatnasların jáne de keńirek belgiledi. Tariyxta b.e.sh. VI-IV ásirlerde Iran Axameniyleri saltanatı dáwirinde onıń territoriyası boylap "shax jolı" ótken. Onnan da burınıraq Orta hám Jaqın Shıǵısta Badaxshan lazuritine bolǵan zárúrlik "lazurit jolı"nıń payda bolıwına sebep bolǵan. Badaxshan

lazuritleri Eki dárya aralıǵı hám Egipet patshaları sarayların, ibadatxanaların bezegen, hayallardıń hár qıylı taǵınshaqların islewde kollanılǵan. Batıs penen Shıǵıstı bir neshe mıń jıllar dawamında bir-birine baylanıstırıp kelgen áyyemgi jollardan biri - ″Ullı jipek jolı″ bolıp esaplanadı.

″Jipek jolı″ nıń arqa-batıs tarmaǵı bolsa Dunxuannan Bami, Kuchi, Turfan arqalı, Tarim oazisinde-Kashkarǵa barǵan. Onnan Tashqorǵan arqalı Ózgen, Osh, Kuva, Axskent, onnan Asht dalası arqalı Xojent, Xamin, Jizzaqqa soń Samarqand Nautaxa jolı menen birlesken. Samarqandtan batısqa Dabusiyaǵa Malik shóli arqalı Buxara hám Xamitanǵa, onnan Varaxsha arqalı Paykent hám Farabqa barıp Amul` qalasına ótken. Amulda Marıdan Urgenchke qaray Ámiwdárya boylap ketetuǵın jolǵa kosılǵan. Áyyemgi waqıtlarda Marı qalası áyyemgi dástúrleri hám hár tárepke ketetuǵın sawda jolları tutasatuǵın geografiyalıq qolaylıqlarına baylanıslı jipek jolındaǵı eń iri qala edi. Sonıń ushın da Marıda jergilikli din zárdushtiylik ibadatxanalarınan tısqarı Hindstannıń Budda, Vizantiyanıń xristian dúnyasınıń tayanshları bar edi. Áyyemgi ″Jipek jolı″ oǵan shekem usı zonadan ótken ″lazurit jolı″, ″shax jolı″ negizinde Marıdan batısqa qaray úlken kárwan sawda jolı bolıp, Qıtay, Hindstan hám Orta Shıǵısta jaqın Shıǵıs hám jer orta teńizi elleri menen baylanıstırıp turatuǵın edi.

**1-toparǵa keys sheshimi ushın usınıs etilgen pikirler ushın sızılma.**

| Mashqala (tiykarǵı hám kishi mashqalalar) | Sheshimi |
|---|---|
| 1. Ullı jipek jolı aldın qanday atamalar menen belgili bolǵan?<br>2. Ferdinand Fon Rixtgofen sawda jolları sistemasın «Jipek jolı» dep atawınıń sebebi ne? | |

**2- toparǵa keys sheshimi ushın usınıs etilgen pikirler ushın sızılma.**

| Mashqala (tiykarǵı hám kishi mashqalalar) | Sheshimi |
|---|---|
| 1. Ne sebep tiykarǵı kólik túyelerden paydalanıwǵa tuwra kelgen?<br>2. Kárwanbası qanday wazıypanı atqarǵan? | |

**3-toparǵa keys sheshimi ushın usınıs etilgen pikirler ushın sızılma.**

| Mashqala (tiykarǵı hám kishi mashqalalar) | Sheshimi |
|---|---|
| 1. Ullı jipek jolınıń qanday tarmaqları bolǵan? | |

| | |
|---|---|
| 2. Ullı jipek jolınıń áhmiyetinıń tómenlewin toqtatıw múmkinshiligi boldı ma? | |

**Ekinshi basqısh: (ajıratılǵan waqıt 5 minut).**

Toparlar oylasqan halda sheshim tabadı hám sızılmani toltıradı;

**Úshinshi basqısh: (prezentaciya, ajıratılǵan waqıt 5 minut).**

Hár bir topardan bir talaba shıǵıp prezentaciya isleydi, topardiń qalǵan aǵzaları óz pikirleri menen qatnasıwı múmkin,biraq shawqım kótermegen halda.

**Tórtinshi basqısh: (juwmaq, ajıratılǵan waqıt 5 minut).**

Bul basqıshta auditoriya menen birgelikte kemshilikler tolıqtırıladı hám juwmaq shıǵarıladı.

**Besinshi basqısh: (bahalaw, ajıratılǵan waqıt 5 minut).**

Belgilengen reyting tiykarında hár bir topar bahalanadı.

**1- toparǵa keys sheshimi ushın usınıs etilgen pikirler ushın sızılma.**

| Mashqala (tiykarǵı hám kishi mashqalalar) | Sheshimi |
|---|---|
| 1. Ullı jipek jolı aldın qanday atamalar menen belgili bolǵan? | «Lazurit jolı», «Shax jolı» |
| 2. Ferdinand Fon Rixtgofen sawda jolları sistemasın «Jipek jolı» dep atawınıń sebebi ne? | "Jipek jolı" degen túsinik Evraziyadaǵı (Qıtay, Indiya, Orta hám Jaqın Shıǵıs) áyyemgi dáwirde hám orta ásirde eń baslı mádeniyatı rawajlanǵan ellerdi baylanıstıratuǵın jollardıń tutas birlespesin ańlatıp, eń dáslep 1877-jılı nemis geografı K.Rextgofen tárepinen engizildi. Waqıttıń ótiwi menen bul termin (túsinik) keńirek qollanıla basladı hám Evraziyanıń hár qıylı bóleklerinıń sol dáwirge óz-ara qatnasların jáne de keńirek belgiledi. Rextgofen úyrengen dereklerde Qıtay shtatınıń qádir-qımbatı, sawda-satıqtaǵı tutqan ornı teńsizligi kóp márte tilga alınǵan. Sonıń ushın avtor bul joldı « Ullı jipek jolı» deb ataydı. |

**2- toparǵa keys sheshimi ushın usınıs etilgen pikirler ushın sızılma.**

| Mashqala(tiykarǵı hám kishi mashqalalar) | Sheshimi |
|---|---|
| 1. Ne sebep tiykarǵı kólik túyelerden keńirek paydalanıwǵa tuwra kelgen? | Bul jerde dóngelekli kólik, joldıń bolmaǵanı ushın zárúr emes edi, sonlıqtan da jolsız jerde júriwge qolaylı bolǵan tiykarǵı kólik túyelerden keńirek paydalanıwǵa tuwra keledi. |
| 2. Kárwanbası qanday wazıypanı atqarǵan? | Shıǵıs Túrkistanda hesh qanday jol bolmaǵanlıqtan, kárwannıń mánzilge irkilmey barıwı ushın tájiriybeli kárwanbası zárur edi. Ol oazislerdıń jaylasıwın jaqsı biliwi hám suw shıǵatuǵın jerlerge sheberlik penen kárwandı jetkeriwi kerek edi. Bir kúnde kárwanshılar joldın 50-60 km. basıp ótiwi zárur bolǵanlıqtan barlıq jollardaǵı elatlı punktler, pochta stantsiyaları hám kárwan saraylar da sonday qashıqlıqta ornalasadı. |

**3- toparǵa keys sheshimi ushın usınıs etilgen pikirler ushın sızılma.**

| Mashqala (tiykarǵı hám kishi mashqalalar) | Sheshimi |
|---|---|
| 1. Ullı jipek jolınıń qanday tarmaqları bolǵan?<br>2. Ullı jipek jolınıń áhmiyetinıń tómenlewin toqtatıw múmkinshiligi boldıma? | ″Jipek jolı″ Qıtaydıń áyyemgi orayı Siyannan baslanıp, Lanchjaw arqalı Dunxuanǵa keledi. Dunxuanda ol ekige ayrıladı. Jipek jolınıń qubla-batıs tarmaǵı Toqla-mákan sahrası arqalı Xotanǵa, onnan Yarkentke kelip, Pamir tawının ótkelleri arqalı Vaxanga, onnan Baktriyanıń bas qalası Zariaspqa (Balxqa) kelgen. Balxta jol úsh tarmaqqa ayırılıp, onıń batıs tarmaǵı Marıǵa, qubla tarmaǵı Hindstanǵa, arqa tarmaǵı Termez arqalı Darbent hám Samarqandqa qaray ketken. ″Jipek jolı″ nıń arqa-batıs tarmaǵı bolsa Dunxuannan Bami, Kuchi, Turfan arqalı, Tarim oazisinde-Kashkarǵa barǵan. Onnan Tashqorǵan arqalı Ózgen, Osh, Kuva, Axskent, onnan Asht dalası arqalı Xojent, Xamin, Jizzaqqa soń Samarqand Nautaxa jolı menen birlesken. Samarqandtan batısqa Dabusiyaǵa Malik shóli arqalı Buxara hám Xamitanǵa, onnan Varaxsha arqalı Paykent hám Farabqa barıp Amul\` qalasına ótken. Amulda Marıdan Urgenchke qaray Ámiwdárya boylap ketetuǵın jolǵa kosılǵan. |

## Toparlıq prezentatsiya ótkeriw talapları

Studentler úsh toparǵa bólinedi. Toparlar berilgen tapsırma boyınsha plakatlıq prezentatsiya tayarlaydı. Plakatta berilgen tapsırmalarlıń mazmunı tolıq kórsetiliwi shárt. Topar aǵzaları plakattaǵı mazmundı analiz qılatuǵın ekspertler toparına túsindiriwi, olardıń sorawlarına juwaplar beriliwi talap etiledi. Ekspertler toparı birinshi, ekinshi hám úshinshi topardıń orınlaǵan jumısın analizleydi hám baha beredi:

*studentlerdiń sabaqqa qatnası, kishi toparda islewi – tapsırmalardı orınlawǵa qatnası, prezentatsiyaǵa qatnası, teoriyalıq bilimge tiykarlanıwı, ámeliyat menen baylanıstıra alıwı, analizlewi, sorawlardı bere alıwı, diskussiyaǵa túse alıwı, juwmaq shıǵara alıwı.*

### Hár bir kishi topardıń Keystiń sheshimin plakatlıq prezentatsiya islep shıǵıw túrinde iske asırıwı basqıshları

| **orınlaw basqıshları** | **İskerlik** |
|---|---|
| I basqısh | Toparlar plakatlıq prezentatsiya etiwge tayarlanadı |
| II basqısh | Birinshi topardıń prezentatsiyası qorǵaladı |
| III basqısh | Ekinshi topardıń prezentatsiyası qorǵaladı |
| IV basqısh | Úshinshi topardıń prezentatsiyası qorǵaladı |
| V basqısh | Kishi toparlar bir-birine prezentatsiya boyınsha sorawlar beredi. |
| VI basqısh | Birinshi topardıń prezentatsiyasın ekspertlar tárepinen analizlenedi hám bahalanadı |
| | Ekinshi topardıń prezentatsiyasın ekspertlar tárepinen analizlenedi hám bahalanadı |
| | Úshinshi topardıń prezentatsiyasın ekspertlar tárepinen analizlenedi hám bahalanadı |

### Bahalaw kriteriyası

Bul seminar sabaǵı 5 bahalıq sistema boyınsha bahalanadı.

| **№** | **Sorawlardaǵı juwaplardıń` tiykarlang`anlıǵı 2 baha** | **Mazmunnıń durıs hám anıq jetkeriliwi, oylawdıń analizleniwi 2 baha** | **Belsendilik 1 baha** |
|---|---|---|---|
| 1 | | | |
| 2 | | | |
| 3 | | | |
| 4 | | | |
| 5 | | | |

## 2.3. Tariyx sabaqlarında «Xronologiyalıq bas qatırma» hám «Taypalaw kestesi» interaktiv metodlarınan qollanıw.

Oqıwshılardıń sanasında tariyxıy yadtı qálıplestırıwde búgingi kúni bilimlendiriw sistemasına keńnen engizilıp atırǵan oqıtıwdıń interaktiv metodlardan paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Sebebi, tariyx sabaqlarında qollanılıp atırǵan metodlar oqıwshılardıń ótilgen temalardı ańsat ózlestırıwine, tariyxıy waqıyalarǵa erkin túrde óz múnasibetin bildiriwge, waqıyalar izbe-izligin este saqlawǵa, sinxron tárizde dáwirler, aymaqlar, mámleketlerdegi bolıp ótken tariyxıy waqıyalardı salıstırıp, tereńirek úyreniwge járdem beredi.

**«Xronologiyalıq bas qatırma» metodı:** Basqa pánlerden ózgesheligi, tariyx sabaqlarında hár jańa tema ótilgende tariyxıy mámleketler, shaxslar, sáneler, atamalar menen tanısıp barıladı. Sonlıqtanda, bul pándi tereń ózlestırıw ushın oqıwshılardıń pikirlew dúńyasınıń keńligi, este saqlap qalıw qábiletinıń kúshliligi úlken áhmiyetke iye boladı[29].

Tariyx sabaqlarında izbe-izlik hám úzliksizlikti támiyinlew maqsetinde jańa temadaǵı waqıyalardı ótilgen materiallar menen baylanıstırıw, dáwir hám mámleketlerdi analiz qılıw kónlikpesin rawajlandırıw maqsetinde xronologiyalıq basqatırmalardan paydalanıw maqsetke muwapıq esaplanadı Bul metodtı jańa temanı bekkemlewde paydalanıwǵa boladı. Bul metodtı qollanıw ushın oqıtıwshı taxtaǵa baskatırmanı sızıp, beriletuǵın tapsırmalardı jazadı.

**Qollanılıwı**: Dápterińizge kvadrat sızıp, onıvertikal hám gorizantal formada 4 ketekshege teń bóliń. Oqıwshılarǵa tómendegishe tariyxıy sánelerdi sorawlar túrınde beriwge boladı. Mısalı:

*1. Buxara ámirliginıń dúziliwi*

A. M.Shaybaniyxannıń tuwılǵan jılı

---

29 Jumaniyozova M. «Tarix darslarida innovatsion texnologiyalardan foydalanish» (metodik qo`llanma), Toshkent-2005

V. Abulfayzxannıń óltiriliwi

S. Kuchkinjixannıń pul reforması

D. Nadirshaxtıń Buxara xanlıǵına atlanısı

Bunda oqıwshılar berilgen sorawlar tiykarında tariyxıy sánelerdi tabadı hám gorizantal formada taza temada úyrenilgen tiykarǵı tariyxıy sáne menen baylanıstıradı[30].

Bul metodtı qollanǵanda ótilgen jańa temadaǵı tariyxıy sáne oń tárepten aqırǵı ketekshege vertikal tárizde (joqarıdan tómenge qarap) jazıladı. Qalǵan keteksheler gorizantal halatta ótilgen temalardaǵı áhmiyetli tariyxıy waqıyalar sánelerge aylandırıp toltırıladı. Oqıwshılar menen jeke túrde islesip, olardı bahalawǵa boladı.

**Mısalı: 1-tapsırma (úlgi)[31]**

| | | | | 1 |
|---|---|---|---|---|
| A | 1 | 4 | 5 | 1 |
| V | 1 | 7 | 4 | 7 |
| S | 1 | 5 | 1 | 5 |
| D | 1 | 7 | 3 | 6 |

---

[30] Jumaniyozova M. «Tarix darslarida innovatsion texnologiyalardan foydalanish» (metodik qo`llanma), Toshkent-2005

[31] Usmanov Q, Juraev U, Narqulov  N, 8-klass «Ózbekstan tariyxı», Tashkent-2014

Bul metodtan tariyx sabaqlarında eki usılda paydalanıwǵa boladı. Birınshı usılda tariyxıy waqıyalar oqıwshılarǵa tapsırma qılıp berilse, oqıwshılar tariyxıy sánelerdi tabıwı kerek boladı.

Ekinshı usılda tap usı taqılette xronologiyalıq basqatırma dúziledi. Basqatırmaǵa tariyxıy sáneler jazıladı. Oqıwshılar sánelerge qarap, tariyxıy waqıyalardı tabıwı kerek.

**2-tapsırma (úlgi)**

| | | | | 1 |
|---|---|---|---|---|
| A | **1** | **7** | **3** | **1** |
| V | **1** | **5** | **7** | **7** |
| S | **1** | **4** | **9** | **7** |
| D | **1** | **5** | **1** | **0** |

**Juwapları**

*1. Xıywa xanlıǵında Qońıratlar dinastiyasınıń hákimiyat basına keliwi*

A. Samarqand xanlıǵınıń qulatılıwı

V. Abdullaxan Timi qurılǵan jıl

S. Baburdıń Samarqand taxtın iyelewi

D. İ.Safaviy menen M.Shaybaniyxan ortasındaǵı sheshıwshı sawash

Bul metodtıń abzallıǵı, oqıwshılardıń este saqlap qalıw qábiletlerın rawajlandıradı, bilimlerın bekkemleydi, tariyxıy sáne hám waqıyalardı analizlew kónlikpesi rawajlanadı. Oqıtıwshıdan artıqsha resurs talap etilmeydi, klass taxtası, por menen islesedi. Jańa temanı ótilgen temalar hám pánler aralıq integratsiyanı támiyinleydi. Biraq, metodtı qollanǵanda vertikal` formada tariyxıy waqıya hám sáneden gorizantal` formada berilgen tariyxıy waqıya hám sáneler xronologiyalıq tárepten keyin júz bergen bolıwı kerek emes. Sebebi, oqıwshı ol sánelerdi ózlestirmegen bolıwı múmkin**.**

**«Taypalaw kestesi» metodı**. Tariyx sabaqlarında «Taypalaw kestesi» metodınan paydalanıw júdá jaqsı nátiyje beredi. Taypalaw kestesi metodı úyrenilıp atırǵan hádiyse, túsinik, kóz qaras, temanı eki hám onnan da artıq aspektler boyınsha salıstırıw imkaniyatın beredi, oqıwshılarda maǵlıwmatlardı struktura-lastırıw hám sistemalastırıw kónlikpesin rawajlandıradı**.**

**Orınlanıw tártibi:** Oqıwshılar «Taypalaw keste»sin dúziw qaǵıydaları menen tanıstırıladı. Salıstırılıp atırǵan nárse anıqlanadı, salıstırıw ámálge asırılatuǵın xarakteristikalar ajıratıladı. Jeke tártipte yamasa kishı toparlarda taypalaw kestesi qurıladı hám ol toltırıladı**;** - vertikal boyınsha – salıstırıw talap etiletuǵın nárseler (kóz qaraslar, teoriyalar) jaylastırıladı; - gorizontal boyınsha – salıstırıwdı ámelge asırıwdaǵı hár qıylı xarakteristikalar jaylastırıladı.

Bul metodtı bir mámleket, dinastiyalar mısalında emes, eki yamasa onnanda kóbirek mámleketler, dinastiyalar mısalında qollanıwǵa boladı. Bul metodtı tómendegishe ámelge asırıw múmkin. Hár bir toparǵa ayırım tapsırma beriledi. Toparlar berilgen sorawlar tiykarında kesteni toltıradı. Soń topar aǵzalarınan biri prezentatsiya qıladı. *Tapsırmalar úlgisi tómendegishe bolıwı múmkin:*

| **Mámleketler** | **Mámlekettiń ómir súrgen jılları** | **Mámlekette basqarǵan húkimdarlar** | **Aymaǵı** | **Xalqı** | **Xojalıq turmısı** | **Mádeniy turmısı** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| Xıywa xanlıǵı | *?* | *?* | *?* | *?* | *?* | *?* |
| Buxara ámirligi | *?* | *?* | *?* | *?* | *?* | *?* |
| Qoqan xanlıǵı | *?* | *?* | *?* | *?* | *?* | *?* |

Bul metodtıń abzallıq tárepi, oqıwshılar úyrengen maǵlıwmatların taypalarǵa ajırata aladı, oqıwshılardıń eslep saqlap qalıw, pikirlew, analizlew qábiletleri rawajlanadı. Juwmaqlap aytqanda, tariyx sabaqlarında interaktiv metodlardı qollanıw sabaqtıń nátiyjeliligin, sapasın arttıradı, oqıwshılardıń pánge degen qızıǵıwshılıǵın, sabaqlıq teksti menen islesiw kónlikpesin payda etedi, tariyxıy bilimlerın tereńlestiredi, bekkemleydi.

## 2.4. Tariyx tálim processinde oqıwshılardıń este saqlaw hám pikirlew qábiletlerın rawajlandırıwda «Kontseptual keste» hám «Blits-soraw» metodılarınan paydalanıw.

Tariyx júdá áyyemgi pánlerdıń biri. Ol jer betinde adamzat payda bolǵannan baslap búgingi kúnge shekem bolıp ótken barlıq tariyxıy waqıya, hádiyse hám protsessler, olardıń kelıp shıǵıw sebepleri, aqıbetleri, insaniyat turmısında tutqan ornı haqqında bizge maǵlıwmatlar beredi. Mine, usı quramalı hám qızıqlı pándi tereń ózlestırıwde, oqıwshılardıń sanasında tariyxıy yadtı qálıplestırıw, olardıń este saqlap qalıw, oylaw, pikirlew qábiletlerın rawajlandırıwda búgingi kúni bilimlendiriw sistemasına keńnen engizilıp atırǵan oqıtıwdıń interaktiv usıllarınan paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Sebebi, tariyx sabaqlarında qollanılıp atırǵan metodlar oqıwshılardıń ótilgen temalardı ańsat ózlestırıwine, tariyxıy waqıyalarǵa erkin túrde óz múnasibetin bildiriwge, waqıyalar izbe-izligin este saqlawǵa, sinxron tárizde dáwirler, aymaqlar, mámleketlerdegi bolıp ótken tariyxıy waqıyalardı salıstırıp juwmaq shıǵarıwǵa, tereńirek úyreniwge járdem beredi.

**«Kontseptual keste» metodı:** Kontseptual keste metodı - túrli ideyalardı, pikirlerdi ózara salıstırıw hám olardı túrli kategoriyalar boyınsha salıstırǵan halda baha beriwge qaratılǵan organayzer esaplanadı[32]. Metod oqıwshılardı úyrenilıp atırǵan tema (másele yamasa mashqala)nı eki yamasa onnanda artıq tárepleri boyınsha salıstırıwǵa úyretedi. Onnan paydalanıwda oqıwshılardıń tema boyınsha logikalıq pikirlew, maǵlıwmatlardı sistemalı bayanlaw qábiletleri rawajlandırıladı.

*Sabaqlar waqtında metodtan paydalanıw tómendegi tártipte boladı:*

- Oqıtıwshı sheshımi tabılıwı lazım bolǵan temanı anıqlaydı
- Tıńlawshılar tema hám metodtan paydalanıw qaǵıydası menen tanıstırıladı.

---

[32] İshmuhamedov R, Yuldashev M. «Ta`lim va tarbiyada innovatsion pedagogik texnologiyalar», Toshkent-2013

- Tıńlawshılar kishı toparlarǵa biriktiriledi;
- Toparlar ózlerıne berilgen tapsırmanı orınlaydı;
- Toparlar sheshımdi topar jámááti qararına usınıs etedi;
- Toparlardıń sheshımleri topar jámáátinde talqılanadı;
- Oqıwshılar itibarına tómendegi úlgini usınıs etiw múmkin;

***Úlgi: Ózbekstan tariyxı (fakultetler aralıq)***

***2-Tema: Oraylıq Aziya jáhán tsivilizatsiyasınıń ajıralmas bólegi***

| Tas dáwirleri | Áhmiyetli belgiler, klassifikatsiyalar | | |
|---|---|---|---|
| | 1-belgi (klassifikatsiya) Xronologiyalıq shegarası | 2-belgi (klassifikatsiya) Oylap tabılıwlar, jańalıqlar | 3-belgi (klassifikatsiya) Mákan jaylar |
| Paleolit | b.e.sh. 3-2,5 million jj | ??? | ??? |
| Mezolit | b.e.sh.12-7miń jj | ??? | ??? |
| Eneolit | 6-4-miń jıllıqlar | ??? | ??? |
| Neolit | 4-3 miń jıllıqlar | ??? | ??? |

Oqıwshılar berilgen kesteni toltıradı. Bunda oqıwshı tas dáwirlerınıń xronologiyalıq shegaraların anıqlaydı, hár bir dáwirde insaniyat tárepinen jaratılǵan jańalıqlardı parıqlaydı, sol dáwirlerge tiyisli mákan jaylar haqqında maǵlıwmatlardı eske túsiredi hám úyrengen bilimlerın bekkemleydi.

**Tariyxıy álıpbe:** Bul shınıǵıwdı ámelge asırıw ushın qanday da bir tariyxıy atama yamasa tariyxıy shaxstıń atı taxtaǵa vertikal halatında jazıladı. **Úlgi**:

**T** Tashkent walayatinıń Xojakent, Obiraxmat esteligi
**U** Úshtut tawi úńgiri
**M** Masson M.E basshılıǵındaǵı Ahangarandaǵı arxeologiyalıq ikspediciya; Muste mádeniyatı;
**A** Arastu rim tariyxshısı adamnıń payda bolıwı haqqında maǵlıwmat beredi
**R** Ruf Kurckiy rim tariyxshısı
**I** Islep shıǵarıwshı xojalıqtıń payda bolıwı menen neolit dáwiri baslsnadı
**S** Samarkand walayatinıń –Amanqutan esteligi, Sapallı mádeniyatı

Oqıwshılar belgilengen waqıt ishınde úlgide kórsetilgen atama boyınsha bas háripler menen baslanıwshı tariyxıy mánziller, waqıyalar, atamalar, tariyxıy shaxslardıń atların jazadı. Qaysı oqıwshı yamasa topar kóbirek maǵlıwmat toplasa jeńimpaz esaplanadı. Kem maǵlıwmat toplaǵan oqıwshılar óz dápterlerıne basqa toparlar aytqan maǵlıwmatlardı jazıp aladı.

Juwmaqlap aytqanda, bul qollanılǵan interaktiv metodlar járdeminde oqıwshılardıń este saqlap qalıw hám pikirlew qábiletlerın rawajlandırıw menen birge, mámleketlik bilimlendiriw standartında belgilep qoyılǵan tayanısh hám pánge tiyisli kompetentsiyalardı qálıplestırıw múmkin.

**Blits-soraw metodı:** Metodtıń túsinigi: *"Blits-soraw" (inglizshe "blits" – tez, bir demde) metodı berilgen sorawlarǵa qısqa, anıq hám tez juwap beriwdi talap etetuǵın metod.* Bul metod oqıwshılardıń háreketlerın izbe-iz durıs shólkemlestırıw, sın oylawın, úyrenilgen predmet tiykarında hár qıylı pikirler, maǵlıwmatlar ishınen kereklisin tańlap alıwı, sol menen bir qatarda ózlerınıń pikirlerın húrmet etiw hám oqıwshılarǵa óz pikirlerın ótkize alıwı hám óz xızmetin, kúnin jobalastıra alıwǵa úyretiwge qaratılǵan[33].

Metodtıń maqseti. Bul metod arqalı oqıwshılarǵa tarqatılǵan qaǵazlarda kórsetilgen tariyxıy waqıyalardıń xronologiyalıq izbe-izligin áweli jeke túrde óz betinshe ótkize alıwı yaki óz pikirınde qalıw, basqalar menen hám pikirles bola alıw sıyaqlı kónlikpelerın qálıplestırıw.

**Sabaqta paydalanıw tártibi**. Bul metod bir neshe basqıshta ótkiziledi.

- Oqıwshılarǵa bul sabaq bir neshe basqıshlarda ótkiziletuǵınlıǵı haqqında túsinik beriledi. Hár bir basqısh belgilengen wazıypalardı orınlawǵa anıq waqıt beriliwi, oqıwshılar bolsa sol waqıttı ónimli paydalanıw kerekligin haqqında olardı eskertiledi.

[33] İshmuhamedov R, Yuldashev M. «Ta`lim va tarbiyada innovatsion pedagogik texnologiyalar», T., 2013

- Oqıtıwshı barlıq oqıwshılarǵa jeke túrde tarqatpa material beredi hám olardan sol materialdı tereń túrde úyreniw kerekligin túsindiredi.
- Oqıtıwshı tarqatpa material mazmunın hám orınlanatuǵın wazıypa (tarqatpa materialda berilgen háreketlerdi izbe-izlikte durıs belgilew, belgini qaǵazda óz aldına ajıratılǵan bólimge sanlar menen qoyıw kerekligin) túsindiredi.
- Tarqatpa materialda berilgen wazıypa dáslep jeke tártipte orınlanadı.
- Hár bir oqıwshı óziniń jeke pikiri, oylawı tiykarında tarqatpa materialdaǵı «jeke baha» bólimine berilgen tariyxıy waqıyalardı xronologiyalıq izbe-izligin sanlar menen belgilep shıǵadı.
- Oqıwshılardıń jeke tártiptegi jumısı juwmaqlanǵannan soń, oqıtıwshı olardan 3 adamnan ibarat kishı toparlardı payda etiwin soranadı.
- **Esletpe**: kishı toparlardı oqıwshılardıń qálewleri yaki sanlar boyınsha bóliwge boladı.
- Kishı toparlarda oqıwshılardıń hár biri óz qaǵazındaǵı «jeke baha» bóliminde belgilengen tariyxıy waqıyalardıń izbe-izligi menen bir-birın tanıstıradı, keyin olar 3 adamda úsh túrli bolǵan izbe-izlikti birlestirip (bir-biri menen tartısıw, diskussiyaǵa kirisiw, bir-birıne tásir kórsetiw, óz pikirlerıne isendiriw) kelisilgen túrde, tarqatılǵan qaǵazdaǵı «topar bahası» bólimine óz (al`ternativ) sanların belgilep shıǵadı.
- Barlıq kishı toparlar óz jumısların juwmaqlap, oqıtıwshı tariyxıy waqıyalardıń xronologiyalıq izbe-izligi boyınsha durıs juwaptı beredi, yaǵnıy oqıwshılardan olarǵa tarqatılǵan qaǵazlarda «durıs juwap» bólimine óz tárepinen aytılǵan tariyxıy waqıyalardıń xronologiyalıq izbe-izligin sanların jazıwdı soraydı.
- Oqıtıwshı «durıs juwap» bóliminde berilgen juwap sanları menen «jeke baha» hámde «topar bahası» bólimindegi sanlardı salıstıradı, ayırımların say halda «jeke qáte» hám «topar qátesi» bólimlerıne jazıwların soraydı.

- Oqıtıwshı jeke hám topar qátelerınıń ulıwma sanı boyınsha túsinik beredi hám olardıń hár birın óz aldına tiykarlap beredi.
- Oqıtıwshı sabaqtı juwmaqlap toparlarǵa sabaq protsessinde islegen xızmetine óz pikirın bildiredi hám oqıwshılardıń bilimin bahalaw ólshemleri menen bahalaydı yaki sáykes kelgen durıs juwaplar sanına qarap hár bir oqıwshıǵa óz bahasın qoyadı[34].

*Úlgi: Etnologiya páni.*

*Tema: «Avstrliya hám Okeaniya xalıqları etnologiyası» (2-kurs)*

| **Topar bahası** | **Topar qátesi** | **Durı juwap** | **Jeke qáte** | **Jeke baha** | **Tariyxıy waqıyalar** |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | J.Kuk Avstraliyanıń shıǵis irǵaqların ashti |
| | | | | | Angliya aymaǵi dep jariyalanǵan |
| | | | | | M.Flinders materikti Avstraliya dep ataǵan |
| | | | | | Avstraliya dominion belgisini aldi |
| | | | | | Britaniyanıń Papua mustamlakasi |
| | | | | | Tasman ekspiditsiyasinan keyin evropalilarǵa málim bolǵan |
| | | | | | Avstraliya federativlıq mamleket |
| | | | | | Antarktida ekspeditsiyasina I.M.Simonov qatnasqan |
| | | | | | Avstraliya BMSH aǵza boldi |
| | | | | | J.Kuk Avstraliyanıń shıǵis irǵaqların ashti |
| | | | | | Angliya aymaǵi dep jariyalanǵan |
| | | | | | M.Flinders materikti Avstraliya dep ataǵan |

**Bahalaw ólshemi**:

7-8 sorawǵa durıs juwap berilse – «qanaatlandırarlı»

9-10 sorawǵa durıs juwap berilse – «jaqsı»

11-12 sorawǵa durıs juwap berilse– «ayrıqsha»

Bul kestede tariyxıy sáneler xronologiyalıq jaqtan aralas túrınde jaylastırılǵan. Bul metodtan tariyx sabaqlarında paydalanıw arqalı oqıwshılar ótilgen temadaǵı

[34] L.V.Golish «Zamonaviy ta`lim texnologiyalari: mazmun, loyihalashtirish va amalga oshirish» Ekspress qo`llanma T.TASIS, 2001

tiykarǵı tariyxıy sánelerdi xronologiyalıq izbe-izlikte jaylastıradı hám olardıń tariyxıy izbe-izligin bilıp aladı. Bul metodtıń abzallıq tárepleri, oqıtıwshılardan artıqsha resurs talap etpeydi, klass taxtası járdeminde isleydi, oqıtıwshıǵa bir waqıttıń ózinde bir neshe oqıwshılardı jeke hám toparlar túrınde bahalaw imkaniyatın beredi, oqıwshılardıń este saqlap qalıw, óz betinshe erkin pikirlew qábiletlerın rawajlandırıp, pikir hám juwmaqların basqalar menen salıstırıw imkaniyatların beredi, ózin-ózi bahalawǵa úyretedi.

Demek, búgingi zamanagóy tariyx páni oqtıwshısınan oqıwshılarǵa tereń bilim beriwi ushın tek ǵana teoriyalıq bilimge emes, al metodikalıq táreptende zaman talapları dárejesinde bilimge, kónlikpege iye bolıw talap etiledi.

Solay eken, tálim protsessindegi bilimlendiriw sisteması innovatsion ózgerisler, hár qanday jańalıqtıń kiritiliwi tikkeley oqıtıwshı xızmetin jańalaw hám ózgerisler arqalı ámelge asırılıwı názerde tutadı. Bilimlendiriw sistemasındaǵı innovatsiyalar, olardı ámeliyatqa engiziw, innovatsion protsesslerdiń basqarıwın analiz etiw arqalı, innovatsion xızmet túsinigin táriplew imkaniyatı payda boldı. İnnovatsionxızmet-pedagogik jámáátti háreketke keltiriwshi, alǵa ilgerlewdi, rawajlanıwdı ámelge asıratuǵın kúsh.

Juwmaqlap aytqanda, tálim protsessindegi bilimlendiriw sistemasındaǵı «innovatsion xızmettiń tiykarǵı mazmunı ámelde jańa texnologiyalardıń qáliplesiwi bolıp, onıń nátiyjesi innovatsiya sıpatında payda bolǵan oylap tabıwdı – joybarǵa, joybardı – texnologiyaǵa aylandırıwǵa baǵdarlanǵan iskerlik esaplanadı»[35]. İnnovatsion xızmetke ilimiy túsinikler akademik bilim logikası boyınsha payda bolmaydı, bálkim rawajlanıw protsessniń modifikatsiyaları qollap-quwatlanıwı nátiyjesinde rawajlanıp atırǵan ámeliyat pikirinde payda boladı.

---

[35] L.Farberman «Ilg`or pedagogik texnologiyalar» T. «FAN», 2000 yil

# JUWMAQLAW

Ǵárezsizligimizdiń dáslepki kúnlerinen baslap bilimlendiriw sistemasın rawajlandırıw mámleket siyasatınıń áhmiyetli baǵdarı sıpatında atap ótilgen. Oqıw – tárbiya protsesslerin ilimiy hám metodik tárepten jetik támiyinlep alıw úlken nátiyjege erisiwimizge xızmet etedi. Yaǵnıy watanımız kelesheginiń ústini bolǵan jas áwlad sanasında milliy ideya, ideologiyanı, watanpárwarlıq hám insanpárwarlıqtı qáliplestiriwde sotsial gumanitar, ásirese tariyx pániniń ornı hám roli joqarı bolıp, onı jańa pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında oqıtıw metodıkası ayrıqsha áhmiyetke iye hám kerekli bolıp esaplanadı.

Bunda barlıq túrdegi sabaq hám ózbetinshe tarsırmalar studentlerdi oylawǵa, dóretiwshilik múmkinshiligine, hár tárepleme pikir júrgiziwge, berilgen tapsırmalardı óz turmıslıq tájriybelerine tiykarlanıp sheshiwge úyretedi. Búgingi kúnde eń áhmiyetli máselelerden biri tálim – tárbiya mazmunın túpten ózgertiw onı zaman talabı dárejesine kóteriw tiykarǵı orın iyeleydi. Sebebi jámiyettiń jańalanıwı, rawajlanıwı hám keleshekti támiyinlewde ámelge asırılǵan reformalar nátiyjesi, táǵdiri, respublikamızdıń ǵárezsizlik hám bazar ekonomikasına tán sotsial-ekonomikalıq siyasatın qáliplestiriw ushın zaman talaplarına juwap beretuǵın joqarı tájriybeli kadrlar tarbiyalaw mashqalası menen tıǵız baylanıslı.

Jetik insandi tárbiyalawda oqıw orınlarında «Jáhán tariyxi», «Ózbekstan tariyxi», «Qaraqalpaqstan tariyxi», «Mámleketshılik tariyxi», «Watan tuyǵisi» hám basqa da tariyxıy pánler oqitilip kelinbekte hám onıń áhmiyeti artip barmaqta. Hár bir pánnıń ózine tán bolǵan sabaq oqıtıw hám úyreniw metodlari hám oqıtıw texnologiyalari boladi.

Tariyx páninde kóbinese úyreniwdıń tariyxıylıq, ilimiylik, ob`ektivlik, analiz, xronologiyalıq, salistirmali, dáwirlestırıw siyaqli ilimiy-metodologiyalıq tiykarlari qollaniladi. Tariyxıy izertlew hám oqıtıw usılların duris tańlap biliw hám olardan nátiyjeli paydalanip biliw, ob`ektiv hám ilimiy tiykarlanǵan tariyxti dóretiwge xizmet etedi.

Tariyx pánlerın úyreniw ob`ektleri hám sub`ektleri, sabaq ótiw hám oqıtıwdıń metodikasi hám texnologiyasi da kóp jıllar dawaminda qáliplesip, óziniń predmetine iye boldi hám házirgi waqitta da rawajlanip barmaqta.

Tariyx sabaqlarınıń sapasin jaqsilaw hám onıń nátiyjeligine erisiwde pedagogikalıq texnologiyani keń túrde qollaniwdıń kóp jıllar dawaminda ózine tán bolǵan tájiriybesi, metodlari hám texnologiyasi islep shıǵilip, tálim-tárbiya jumislarında nátiyjesin bermekte. Jańa pedtexnologiyalardi oqıw protsessine engiziwdıń teoriyalıq hám ámeliy máselelerın islep shıǵiwda ilimpazlardan B.P. Bespal`ko, M.Kların, V.Slastenin, M.O.Ochilov, N.Saydaxmedov, K.Zaripov h.t.b. ózlerınıń ilimiy miynetlerınde bayanlap bergen edi.

Sonday-aq XX-ásirde bilimlendiriw tarawinda tariyx oqıtıw metodikasi, usıllari hám formaların islep shıǵip, izertlewler júrgizgen hám onıpedagogikalıq pán dárejesine kóteriwde tariyxshı ilimpazlardan. V. N. Vernadskiy, S.V.Ivanov, V.G.Kartsev, M.A.Zinov`ev, P.S.Leybengrub, I.N.Kazantsev, P.V.Gora, A.A.Vagin h.t.basqalardıń oqıwlıqlari hám metodikalıq qollanbalari oqıtıwshılar ushın ótken ásirde keń túrde paydalanilip kelingenin atap ótiw múmkin[36]. Son'g'I jıllarında tariyx pánin oqıtıw metodikasi boyinsha kóplegen ilmiy-metodikalıq ádebiyatlar baspadan shıǵip, ámeliyatta keń túrde paydalanildi. Solardıń ishınde tariyxshı ilimpazlardan A.Sádiev, T.Toshpulatov, Ya.Gaffarovlardıń 1993, 2001 jıllarda shıqqan «Tarix o'qitish metodikasi» miyneti kútá bahali qollanba sipatinda tariyx muǵallimleri tárepinen keń túrde paydalanilmaqta.

Kadrlar tayarlaw milliy dástúrin ámelge asırıwdaǵı tiykarǵı printsiplerden biri – bul bilimlendiriw sistemasın dúzilisi hám mazmunı jaǵınan reforma etiw ushın oqıtıwshı-ustazlardı qayta tayarlaw, joqarı tájriybeli, básekige shıdamlı kadrlar tayarlaw boyınsha bilimlendiriw mekemeleri xızmetin integratsiyalaw, aldıńǵı pedagogik texnologiyalardı, pedagogik innovatsiyalardı bilimlendiriw protsessine engiziwden ibarat esaplanadı.

---

[36] Sa`diev A. Maktabda tarix o`qitish metodikasi. — T.:1989.

*«Texnologiya»* túsinigi texnik rawajlaniw sebepli júzege keldi hám (techne-sanaat, óner, pán; logoh-túsinshe, tálimat) materiallarǵa islew beriw usıllari hám qurallari haqqindaǵi bilimler toplami degendi bildiredi.

*«Pedagogikalıq texnologiya»* sóz birligi bul inglizshe *«an educational technology»* - «*tálim texnologiyasi*» túsiniginiń aniq bolmaǵan awdarmasi. *«Pedagogik texnologiya»* túsinigi aqirǵi payitlarda oqıtıw protsessinde jánede keńirek tarqalip kelmekte. *«Pedagogik texnologiya»* termini birınshı ret pedagogikada XX ásirdıń 20-jıllarında tilge alinǵan. Házirgi kúnde pedagogik texnologiya túsinigi túrlishe kórınislerge iye (úsh júzden artiq).

*Texnologiya-* bul birde bir iste, sanaatda h.t.b. qollanilatuǵin usıllar toplami [37].

*Pedagogik texnologiya-* bul oqıw protsessini ámelge asiriwdıń mazmunli texnikasi esaplanadi (V.P.Bespalko).

*Pedagogik texnologiya-* bul oqıtıwda rejelestirilgen nátiyjelerge erisiw protsessini engiziw (I.P. Volkov).

*Pedagogik texnologiya-* bul oqıtıw, tárbiyalıq qurallar, formalari, metodlari, usıl, usıllardıń arnawli toplamlari hám dúzilisini belgilewshı psixologiyalıq-pedagogikalıq kórsetpeler jiyindisi, ol pedagogikalıq protsesstiń shólkemlestırıwshı metodikalıq qurali (B.T.Lixachyov).

Házirgi waqitta kópshılik tiyqarǵi metodikalıq innovatsiyalar oqıtıwdıń interaktivlik usılların qollaniwǵa baǵdarlanǵan. Tariyx pánin oqıtıwda interaktiv metodlar kóp waqitlardan beri qollanilip kelmekte hám sonıń menen birge házirgi waqitta da birden-bir zamanagóy natiyjeli usıllardan sanaladi.

*Interaktivlik oqıtıw* [38]– bul ózinıń iske asiriliwi, oqıtıwshı – talaba, talaba – komp`yuter ekewinıń óz-ara qatnasinda bolip ótetuǵin dialoglıq gúrrińlesiw jaǵdayinda boliw degendi ańlatadi. *Interaktivlik oqıtıw* – adamnıń biliw iskerliginıń ámelge asiriliwinıń ayriksha bir túri.

---

[37] Abdukadirov A. va boshq. Axborot texnologiyalarы. T.: “Arnaprint” 2004
[38] Суворова Н. Интерактивное обучение: новые подходы. Москва, 2001

Interaktivlik usıllardıń anaǵurlim kóp tarqalǵan hám jaqsi natiyjeler beretuǵinlardıń ishınde – «Aqilǵa húјim» (mozgovoy shturm), Organayzerler toltırıw, Klaster, Sinkveyn, Insert, Xronologiyalıq bas qatırma» metodı, «Taypalaw kestesi» metodı, Blits-soraw metodı, «Kontseptual keste» metodı, «Tariyxıy álıpbe» shınıǵıwı, Keys-stadi texnologiyası hám taǵi basqalar [39]. Bul kórsetilgen metodlardńn ayırımların biz ózimizdiń Pitkeriw qánigelik jumısımızda qollandıq hám olardan úlgiler keltirip óttik. Olardan Tariyx sabaqlarında Ózbekstan tariyxı páninen «Ullı Jipek jolı hám házirgi zaman» temasınıń oqıtılıwında Keys-stadi texnologiyasınıń, «Ózbekstan aymaǵınıń xanlıqlarǵa bólinip ketiwi, onıń sebepleri hám aqıbetleri» temasınıń oqıtılıwında «Xronologiyalıq bas qatırma» hám «Taypalaw kestesi» interaktiv metodlarınan, «Oraylıq Aziya jáhán tsivilizatsiyasınıń ajıralmas bólegi» temasınıń oqıtılıwında «Kontseptual keste» metodı hám Tariyxıy álıpbe shınıǵıwınan, Etnologiya páninen «Avstrliya hám Okeaniya xalıqları etnologiyası» temasınıń oqıtılıwında Blits-soraw metodınan qollaniw boyınsha islenbeler berildi.

Basqa pánlerden ózgesheligi, tariyx sabaqlarında hár jańa tema ótilgende tariyxıy mámleketler, shaxslar, sáneler, atamalar menen tanısıp barıladı. Sonlıqtanda, bul pándi tereń ózlestiriw ushın oqıwshılardıń pikirlew dúńyasınıń keńligi, este saqlap qalıw qábiletiniń kúshliligi úlken áhmiyetke iye boladı.

Bilimlendiriw processindegi innovacion ózgerisler, bilimlendiriw sistemasina hár qanday jańalıqlardıń kiritiliwi tuwridan-tuwri oqıtıwshı iskerligin jańalaw hám ózgertiw arqali ámelge asiriliwi da úyrenip shıǵilǵan. Bilimlendiriw sistemasindaǵi innovaciyalar, olardi ámeliyatqa kiritiw, innovacion processlerdi basqariwdi talqilaw arqali innovacion iskerlik túsinigin táriyplew imkaniyati payda boldi. Innovacion iskerlik-pedagogikalıq jámáátti háreketke keltırıwshı, alǵa baslawshı, rawajlandiriwshı kúsh.

---

39 Ангеловский К. Инновации и учителя. Москва, «Просвещение»,1991.

Demek, biz Tariyx táliminde jańa pedagogikalıq texnologiyalar hám interaktiv metodlardan paydalanıw usılları tiykarında sabaq protsessin ótiw arqalı tómendegi nátiyjelerge erisiw múmkin:

- ✓ «İnteraktiv metodlar» tiykarında oqıtıw oqıwshınıń biliw imkaniyatların asiradi, dórtiwshılik qabiletin rawajlandiradi;
- ✓ «İnteraktiv metodlar» tiykarında oqıtıwda talabalardi qásipke qiziqtırıw tiykarında oqıw iskerligin jedellestiredi, ózbetinshe oqıwǵa imkaniyat jaratiladi;
- ✓ innovaciyalıq jandasıw hám de modul texnologiyası tiykarında oqıtıwdıń maqseti hám mazmuni tarmaq tálim standartinıń hár bir qánigeligi boyinsha baǵdarlanǵan qánigelik iskerligi túrleri, arnawlıtalaplar, kónlikpe hám bilimler tiykarında islep shıǵiladi;
- ✓ «İnteraktiv metodlar» tiykarında oqıtıwda didaktik materiallardi tayarlaw oqıtıwǵa unamli tásir kórsetedi;
- ✓ innovaciyalıq jandasıw hám de modul texnologiyası tiykarında oqıtıwda tálim beriwshınıń turli usıl hám metodlardan, máselen, mashqalali oqıtıw, dóretiwshılik baylanislar, oqıw oyinlari, proektletırıw texnologiyası, baǵdarlanǵan tekstli hám evristik sáwbetlerden unamli paydalaniwdıń maqsetke muwapiqliǵi.

Juwmaqlap aytqanda, oqıtıwshı innovaciya iskerligine tayar bolip, sabaqqa eń sońǵi jańalıqlardi alip kirip, oqıwshıǵa qiziqli hám onıń mútájligine mas ráwishte shólkemlestirse, sonda ǵana sapa hám nátiyjelilikti támiyinlewi múmkin**.**

## PAYDALANILǴAN ÁDEBIYATLAR:


1. Karimov I.A. «Istiqlol va mánaviyat». -T., 1994

2. Karimov I.A. «Yuksak mánaviyat engilmas kuch». –T., 2008

3. Barkamol avlod O'zbekiston taraqqiyotining poydevori. – Toshkent: Sharq, 1997. – B. 9.

4. Mirziyoev Sh.M. Buyuk kelajagimizni mard va olıjanob xalqimiz bilan birga quramiz. - Toshkent, O'zbekiston, 2017

5. Mirziyoev Sh.M. Erkin va farovon, demokratik O'zbekiston davlatini birgalıkda barpo etamiz. - Toshkent, O'zbekiston, 2016

Mirziyoev Sh.M. Qonun ustuvorlıgi va inson manfaatlarını táminlash- yurt taraqqiyoti va xalq faravonlıgining garovi. - Toshkent, O'zbekiston, 2017

6. Ózbekistan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoevtıń Oliy majliske múrájatı. Erkin Qaraqalpaqstan 2017-j 23-dekabr` N154-155 (20085) B 1-4.

7. [Qosnazarov Q.], Pazılov A., Tilegenov A. Pedagogika. N., «Bilim» 2009.

8. Platov V.Ya. Delovie igri: razrabotka, organizatsiya i provedenie: Uchebnik.— M.: Profizdat, 1991. – 156 s.

9. Selevko G.K. Sovremennie obrazovatel`nie texnologii. M: Narodnoe obrazovanie., 1998

10. Smolkin A.M. Metodi aktivnogo obucheniya: Nauch.-metod. posobie.— M.: Vissh. shk., 1991.—176 s.

11. Sultanov B., Tilegenov A., Boynazarov F. Yangi pedagogik texnologiyalar asoslari. (Interfaol darslar). Innovatsion jarayon. Toshkent-2007

12. Karamanova G. Tariyxtı oqıtıw metodikası. (Oqıw-metodikalıq qollanba). Nókis. Qaraqalpaqstan 2016.

13. Gaffarov Ya. «Tarix o'qitish metodikasi». T., 2012.

14. Tojiboev M., Ilxomov Z. «Ózbekiston tarixin óqitishning metodologiyasi» (O'quv uslubiy qo'llanma). –T. 2005

15. Zagvyazinskiy V.İ. «İnnovacionnıe processı v obrazovanii i pedagogi -cheskaya nauka», Tyumeń 1990.

16. Qosimov A.X. "Maxsus fanlarni óqitish metodikasi" Toshkent-2004

17. Yo’ldoshev J.G. «Yangi pedagogik texnologiyalar» (yo’nalishlari, muammolari, echimlari) – «Boshl. tálim», 1999.

18. Golish L.V. «Faol o’qitish usullari: mazmun, tanlash va amalga oshırish» Ekspress qo’llanma T., Tasis, 2001.

19. Sadiev A. Maktabda tarix bilmlarıning hozirgi ahvoli va uni o’qitishni milliy asosda qurish. T., 1993.

20. Fuzailova G.S, Rahmatullaeva O.R Tariyx pa'nin ka'siplik tarawlarg'a jo'neltirip oqıtıw meyodikasi. Qollanba. T. TMPU, 2012. 140b.

21. Bespal`ko V., Tatur Yu. Sistemno-metodicheskoe obespechenie uchebno-vospitatel`nogo protsessa podgotovki spetsialistov. M. 1989. S-144.

22. Pidkasistiy P.I., Xaydarov J.S.Texnologiya igri v obuchenii i razvitii. M: RPA, 1996

## Internet málumotları:

1. WWW. ziyonet
2. WWW. lex.uz
3. WWW. leksiya.uz
4. www. ethnology.ru,
5. www. sociolıne.ru/node/408,
6. www.etno.clow.ru,
7. scepsis.ru/ lıbrary/id_1062. html, ru.
8. wikipedıa.org/ va boshqalar